34. Umatur Jayaasmara, nyikut dhuwung jamang tinetep aglis, sarwi ngembat astanipun, yen benjang kawula prang, pan prajurit Ngurawan ing-sun tan takut, nadyan si Jayakusuma, sun kaduga anandhingi.
35. Raose manah kawula, kabeh sampun aneng ing asta mami, kang aran Raden Tumenggung, prajurit ing Ngurawan, tanganipun ing benjing kawula tlikung, lan sikile karo pisan, banjur kawula kebiri.
36. Katura dhateng paduka, masthi suka padhuka aningali, mring citrane Ki Tumenggung, prajurit ing Ngurawan, wurung mukti Tumenggung sida malenthung, paduka tuweg piyambak mesem sang Prabu ing Bali.
37. Sang Prabu angandika, Bapa Agung mataha wong kang becik, kongkonen mriksa mring mungsuh, mlakua dhedhemitan, cacahena prabote mungsuhireku, lawan garwanipun pira, kang amilu baya pati.
38. Ki Agung matur sandika, pan kasarau wau Ki Cahu prapti, remane dinulu mabluk, dudu mabluking kembang, tangi turu agupak bodholan kapuk, tan pakra gennya basahan, kokopyah lawan cecaping.
39. Ki Menak Cahu umatur sembah, dhuh dewaku pukulun tur upaksi, satru paduka wus rawuh, prajurit ing Ngurawan, pakuwone wartose aneng Talsewu, ing Banonbang sampun prapta, pacalange kang anelik.
40. Parang ing karsa paduka, angandika Prabu Lengkareng Bali, didimene bapa iku, makuwon ing Banonbang, pamrihipun Sapi Gumarang ngong pagut, sakehe manca nagara, padha timbalana aglis.
41. Satelasing pangandika, rajeng Balik kondur marang jro puri, ginarebeg para arum, Sang Nata munggeng ngarsa, kuneng wau ingkang sampun angadhatun, mangkya gantya kang kocapa, kang arsa medal mring jawi.

42. Adipati ing Liyangan, sampun mijil saking ing dalem puri, Patih lawan Menak Agung, ki Caho aneng wuntat, turut dalam ki Caho atatur matur, adhi wau ipenira, mu bengi ingsun dukani.
43. Margane duka wakingwang, wong sun Bawah karang ngaturi bekti, bektane suruh rong gulung, lan jambene sakranjang, lawan duren sawiji sisaning manuk, ki Menak Agung angucap, milane sisaning bajing.
44. Wong desa tanpa angrasa, angaturi duren sisaning bajing, ki Menak Caho amuwus, kang waras sampun telas, ingsun gepyok kalane maksih jemamur, kari mrenthil mung satunggal, ingsun wehi layang kitir.
45. Yen duren nora katura, sayektine patinggi sun dukani, mila ipemu sun sendhu, apa dhingini karsa, teka nginang jambeku telas tetelu, nora ngaturi uninga, dudu depadhamu mami.
46. Sadalu nggoningsun duka, adhi Agung ipemu sun dukani, mangkene dudukaningsun, hus edan belis lanat, bungker ciker asu alas celeng gemblung, gantya malih kawuwusa, kedhandhangan madugendhis.

Pupuh ka-4

1. Rangga Jayasentika wotsari, yen adhahar gusti tur kawula, gusti pangeran yen kangge, sagunge punggawa gung, pinilihan kang becik - becik, anitiha turangga, ambedhah ing wangsul, amrih kiwul ing ngayuda, prayogane pangeran peranga dhemit, Tumenggung datan arsa.
2. Matur alon sira Yudapati, tur kawula dhateng sang pangeran, anenggih sampun talompe, angaben tosing balung, lawan mungsuh agenti larih, sampun jamake priya, mati aprang pupuh, kawula binubuhana, apan sanggup angrusak gapura Bali, Tumenggung datan arsa.
3. Kusumayu Surengrana angling, tur kawula dhateng ing pangeran, lamun sembada karsane, wong nglurug aprang iku, kanisthane kalih prakawis,

- ana kang menang aprang, kalah jodhinipun, menang jodhi kalah aprang, kang utama menang aprang menang jodhi, tandhane yen prawira.
4. Yen sembada tur kawula gusti, den dhahara aturing pawongan, pangeran gusti ing tembe, karya layang pucuk, yogya katur dhateng narpati, apan pinrih teluka, de yen paksa magut, mandar silih prayitnaa, yen wus ngancik ing Sapi Gumarang benjing, pagut kalawan mengsah.
 5. Wonten tandha kalamun prajurit, nadyan wadon kawula pangeran, abdine dadi pamuke, sampun andika sengguh, lamun dede prajurit luwih, mesem ki Adipatya, garwane rinangkul, inggih leres sang kusuma, amung sira Wilutamane sabumi, sinekti mandra guna.
 6. Sira Rangga wus prapta ing ngarsi, lawan Demang ki Jayaleksana, Ngagehi Yudapatine, Kyai Tumenggung muwus, ingsun utus sira samangkin, amundhia nawala, mring sang Prabu Wangsul, naging poma Kakang Rangga, layangingsun aja liya kang nampeni, yen dudu Sri Narendra.
 7. Kaki Rangga sigra awotsari, lawan ki Demang Jayaleksana, katiga Yudapatine, tan kawarna ing enu, wus anggawa wadya nembiting, sami wahana kuda, budhal tengah dalu, tan kawarna lampahira, datan kandheg ing Banonbang wus kawingking, dungkap Sapi Gumarang.
 8. Kawarnaa Ki Gedhe Tubabi, atanapi Ki Gedhe Panendran, atugur ing muwarane, mbekta sikep nem ewu, kang tinunggu brahala wesi, aneng Sapi gumarang, namine kang dhusun, akarya beteng pangabar, bedhil mriyem pinasang neng baluwarti, iring ler binuntonan.
 9. Alon mojar Ki Gedhe Tubabi, kaya ngapa Ki Gedhe Panendran, mungsuh kang prapta wartane, wus lami akukuwu, ing Banonbang kang den pondhoki, kaya pa Sri Narehdra, tan arsa amagut, wartane kang parangmuka, pan sadaya yudane teguh tur sekti, prawira mandra guna.
 10. Pakuwone datan mawi biting, awatara sikepe saleksa, yen punjula nora

- akeh, sang Aprabu ing Wangsul, nganti apa tan magut jurit, kala Pabeyan rusak, para gedhe lampus, prandene Sri Naranata, teka eca apan tan magut ing jurit, apa karsaning nata.
11. Sira Gedhe Panendran nauri, Gedhe Tubabi ingsun watara, yen mungsuh saleksa bae, arsa bedhah mring Wangsul, ingsun rasa rasaning ati, binalanga ing kopyah, wong saleksa mawut, mangsa tekaa nagara, rajeng Bali asugih bala prajurit, prawira ing ayuda.
12. Lan malihe nagara ing Bali, pan wartane ingkang kuno-kuna, tan kadi mangke gemah, jenenge sang Aprabu, langkung gemah ingkang nagari, murah sandhang lan pangan, tulus kang tinandur, teluk sakeh parangmuka, lan malihe prajurite keh sinekti, Ki Dipati Liyangan.
13. Alon mojar Ki Gedhe Tubabi, Kakang Gedhe Panendran sun warta, manira pajari dhewe, benjang nagari Wangsul, lamun ana narendra luwih, sinekti mandra guna, angreh para ratu, lan malihe sugih garwa, nora lami bedhahe nagari Bali, malah ratune sirna.
14. Pan mangkana ingkang ametangi, sakathahe nagara binedhah, sagung ratu teluk kabeh, Gedhe Panendran muwus, wong penyakit ingkang metangi, nujum pan keneng seba, dhukun mendem gadhung, layake kinarya coban, gustiningsun Sang Prabu anyakrawarti, narendra tanpa sama.
15. Kawarnaa wau kang lumaris, yata duta kang mundhi nawala, Ki Rangga darung lampah, bekta sikep nem atus, awahana turangga hesthi, tan ana ingkang dharat, lampah aselur, prapta ing Sapi gumarang, wong nem atus sadaya angrampit biting, Jayaleksana ngarsa.
16. Yata kaget Ki Gedhe Tubabi, amiyarsa aturing kawula, kadi sinendhal manah, asru denira muwus, wong ing ngendi kang lagi prapti, apa wong ing Cacangan, ingkang lagi rawuh, utawa wong Bandayuda, sumawana Lobawang Sandiwaringin, miwah wong Pajarakan.

7. Demang Jayaleksana nauri, apan ingsun dudu wong Lumajang, dudu wong Bandayudane, manawi sira tambah, wong Ngurawan amundhi tulis, marek ing gustinira, sang Prabu ing Wangsul, ingsun anjaluk dadalan, den akebat bedhahen jagangmu iki, mundur buntoni marga.

Pupuh ka-5

1. Ngandika Jayaleksana, kakang Rangga kaya pa lampah iki, kalane mangkat karuhun, saking pondhok Banonbang, tengah dalu Kakang Rangga gupuh-gupuh, mangke teka ing wekasan, temahan awalang ati.
2. Nedha lajeng Kakang Rangga, sadayane malebua ing puri amondhok ing ngalun-alun, sampun kendel neng marga, bok manawa inguntapaken wong Bangsul, Ki Rangga Jayasentika, mesem sarwi muwus aris.
3. Apan ewuh yayi Demang, yen ratune wong Bali iku wingit, pan nganti timbalanipun, aja amurang krama, Yudapati angucap sarwi ambekus, Kang Rangga kakehan polah, besuk wani mengko wani.
4. Lah payo kakang lumampah, age wruha kadhatone wong Bali, manawa kena sisiku, satemah sinikara, aku wani aja na kang melu-melu, sumangga layang katura, marang sang Prabu ing Bali.
5. Nisthane wong dadi duta, Adhi Demang hiya tigang prakawis, anenggih sapisanipun, lamun bali ing marga, kaping kalih yen layange nora katur, nenggih kaping tiganira, yen tan awas mring narpati.
6. Utamane dadi duta, adhi demang hiya tigang prakawis, sapisan nawala katur, kaping kalih tinampan, kaping tiga nuwala oleh wewangsul, andhap asor den anggoa, aja kuciwa tinuding.
7. Kangjeng Pangeran Dipatya, Ki Tumenggung Jayakusuma adi, kasusra prajurit agung, sinekti mandra guna, pramilane aja tiwas kang den utus, lamun pun kakang tiwasa, pasthi lingsem Ki Dipati.
8. Agampang wong neng paprangan, ora angel adhi wong genti keris,

- utamane wong ingutus, yen teluk parangmuka, aja kongsi alantaran Perang pupuh, merang Ki Jayaleksana, tumungkul Ki Yudapati.
9. Ki Tumenggung Karungkala, sampun prapta pondhokane ing nguni, asru denira amuwus, heh cundaka Ngurawan, pakenira tinimbangan mring sang Prabu, Ki Rangga matur sandika, saksana anuli kerit.
 10. Inggang amundhi nawala, wau sira Ngabehi Yudapati, Demang Jayaleksaneku, mayungi kang nuwala, pan Ki Rangga lumampah munggend ing ngayun, angampingi kang nuwala, wong nem atus kang njajari.
 11. Sami anitih turangga, datan kandheg wau inggang lumaris, prapta ing jro kutha sampun, gumrah wong sanagara, ageng alit atembak aneng lulurung, basane arsa tumingal, duta Ngurawan kang prapti.
 12. Sakathahe kang tumingal, apan sami micara jroning ati, wong Ngurawan bagus-bagus, sasolahe sembada, wong ing Bali tenagane kaku-kaku, sanadyan padha bagusnya, wong Ngurawan luwes titih.
 13. Datan kandheg lampahira, prapteng ngarsa wau inggang lumaris, Jayasentika tumurun, saking ing luhur kuda, Yudapati Jayaleksana tumurun, pra samya atilar kuda, tan kandheg denny lumaris.
 14. Jayasentika neng ngarsa, lampahira kadi macan angelih, apantes kampuhe gadhung, rinangga pinarada, sumping menur apantes lamun dinulu, nganggo keris parung sekar, ukiran cula sinemi.
 15. Rema bontit ngandhan-andhan, brengos lemet kadi yangyang minangsi, andhangak lamun lumaku, solaha lir menjangan, tau tate den unggahi mring babakul, semune lamun sinawang, deladak kurang dudugi.
 16. Ki Demang Jayaleksana, kampu rejang kang pinarada asri, akeris carita bisu, ukirannya candhana, apan singen rineka buta kalarung, genge sagolek kencana, asabuk congok mantesi.
 17. Awake kadi tembaga, brengose rop pan tiningalan andik, yen lumampah

- kadung-kadung, sumping dalima sawantah, ageng inggil rongah-rongah yen dinulu, asregep ingadu aprang, tate ngrangsang baluwarti.
18. Ki Yudapati lumampah, kadya obah bumi gumleger nenggih, akampung poleng bintulu, sabuk madu ginedhah ageng inggil pamulune ngula dumung, akeris parung bantala, ukiran emas sinangling.
19. Rineka buta Balitar, kadya golek sembada ngagem wangking, godheg wok netrane pendul, pupu gangsir wang malang, wani ngrana prawira tur teguh timbul, nate agupak ludira, aremen kramas jemparing.
20. Kawarnaa kang aseba, rajeng Bali wau sang Prabu silih, miyos sanni-waka sampun, pinarak neng paglaran, amakutha grudha marep grudha mungkur, ajamang mas ginupita, agelang kana rinukmi.
21. Kyana Patih Jayasmita, lan Ki Rangga Kyai Wireksengbumi, Ki Menak Agung wus lungguh, munggend ngarsaning nata, aneng tengen Menak Agung pernahipun, Patih Cahu aneng kiwa, tan adoh gennira nangkil.
22. Ki Cahu busananira, akulambi rangkep tiga mantesi, ing jero sengkelat wungu, rinenda ing mas jingga, bebenike kencana sasentul-sentul, kathahipun kawan dasa, mas ure saking ing acih.
23. Kang jaba kulambinira, ireng wulung gedhobyah amedeni, dipun bebeniki sungu, amoh pating tarambal, Menak Cahu prayitna wenang tiniru, yen kang anyar aneng jaba, glis lungset kena ing angin.
24. Paningsete rangkep tiga, ingkang jero cindhe ijo kinardi, lan maninge cindhe wungu, apan mawi parada, kang ing jaba paningsete tuluhwatu, eman cindhene katona, bok lungset kena ing angin.
25. Iketipun sungsun tiga, ingkang jero sutra kuning tinepi, ping kalihe sutra biru, ping tiga sutra atang, sampun lungset reged rada gupak bledug, saka ora tau bukak, telakup kopyah ing jawi.
26. Yen Ki Cahu mulih seba, kang busana aglis dipun simpeni, rabine tan

- kena weruh, dipun simpen ing nglongan, karantene mangkak reged kluwuk-kluwuk amrih karsane aweta, amoh labete kapuntir.
27. Kanthonge panjang saasta, isi sogok pethi lawan lemari, saparane nora kantong, ginandheng aneng kunca, yen aturu den uger kalawan pupu, datanpa kena pisaha, bok rabine nyogok pethi.
28. Cupare kagila-gila, rabinipun tinjo sanake mati, marengut sami macucu, dinukan sinupatan, narka aweh barang-barang mring sadulur, kerep padu lawan garwa, pan arang wuluning kucing.
29. Kaget sang Prabu ngandika, aningali marang kang duta prapti, baya wong Ngurawan iku, sang Prabu angandika, Bapa Rangga jaluken nuwalanipun, supaya ika ki duta, aja kongsi parek mami.
30. Ki Rangga sigra wotsekar, glis lumaku Rangga Wireksengbumi, tekeng Pangurakan sampun, Ki Rangga aris mojar, heh ki sanak ingsun ingutus sang Prabu, amundhut nawalanira, sira kendela neng ngriki.
31. Bramantya Jayaleksana, sarwi greget netranira macicil, asru denira amuwus, Demang Jayaleksana, nora aweh sayekti nuwalaningsun, singa wonga nampanana, yen dudu sang Prabu Bali.
32. Kemengan tyase Ki Rangga, alon matur Rangga Wireksengbumi, punapa karsanta Prabu, ponang duta tan suka, yen sanesa sang Prabu ingkang cumundhuk, Ki Patih Jayasasmita, tinuding marang narpati.
33. Heh Patih Jayasasmita, tampanana layange duta prapti andhegen waringin kurung, sigra Rekyana Patya, awotsekar apan ta sampun umetu, prapta ngarsane kang duta, ngandika Rekyana Patih.
34. Ingsun ingutus narendra, anampani layang kang sira pundhi Ki Yudapati lingi pun, apan sarwi anyentak, nora aweh lamun layang sira jaluk, Ki Patih Jayasasmita, padha sadhela panastis.
35. Umatur Jayasasmita, ponang duta arsa marek pribadi, umatur pun Menak

- Agung, Dewaji matur amba, didimene kang duta prapta ing ngayun, upami nedya abela, pun agung sagah ngembari.
36. Ki Agung sampun tumedhak, punang duta wau dipun parani, prapta ing waringin kurung, Ki Agung sigra mojar, heh dutane prabu Ngurawan tetelu, sarta carakane sira, dutane prajurit luwih.
37. Rehira dadi caraka, pasthi amrih singgihe kang anading, nora beda lawan ingsun, baureksa nagara, yekti amrih singgihe nrendraningsun, ingkang titiga banjura, nora nganggo den jajari.
38. Lampah caraka nistha, sampun prapta ngarsane Narapati, maksih jagani pakewuh, kadar nedya punapa, kaya dudu dutane prajurit luhung, mojar ki Jayasentika, anedha laju kiyahi.
39. Sakathahe baturira wong nem atus kang samya njajari, sadaya wus kinen metu, marang Jayasentika, pan sadaya balane wus padha metu, wong nem atus akubengan, piyak sagunging kang nangkil.
40. Wus prapta ngarsaning nata, maksih ngadeg wau ki Yudapati, sira sang Prabu ing Wangsul, kang yoga nampanana, nuwalane gustiku Raden Tumenggung, kang makuwon neng Banonbang, mesem sang Prabu Sisilih.
41. Sang Nata anulya nyandhak, kang supatra punang asta ngungkuli, Yudapati datan asung, nuwala ingingatan, nora aweh yen andhap nuwala-nipun, yen sang Prabu arsa tampa, den sanggaa asta kalih.
42. Sang Nata langkung bramantya, wadana bang pan kadi wora-wari, padoning lathi kumedut, idep mangada-ada, Sri Bupati dhuwunge tansah sinikut, Ki Menak Agung mangrepa, ngrangkul sarwi matur aris.
43. Sang Nata atur kawula, ingandhapan pan wekasannya inggil, sakarsani pun tinurut, sang Nata nulya tampa, asta ngandhap nuwala mungging ing luhur, caraka wus samya lenggah, ngalosot samya ngabekti.
44. Kang duta wus tinakonon, kekalihe samya matur sayekti, amuwus Ki Menak

Agung punang duta mundura, mondhoka ing Banjaransari karuhun,
nanging poma entenana, wawangsulira narpati.

45. Sampun lengser pra cundaka, sakathahe wau punggaweng Bali, pan sami
gawok andulu, tan ana kang ngartika, aningali kang duta kang lagya
rawuh dene kalintang prawira, genira amundhi tulis.
46. Ki Rangga Jayasentika lampahira tansah anolih-nolih, aningali sang
Aprabu, ana karaseng nala, pan Ki Rangga Lampahira mandheg mangu,
sadhatenge pangurakan, tansah waspane dres mijil.

Pupuh ka-6

1. Sang Prabu menggah ing galih, asambat putra Jenggala, baya wus mati
wak-ane, aneng tengahing samodra, Ki Ino Kasatriyan, Ki Putra Asma-
rabangun, sang Prabu menggah ing nala.
2. Ingsun lami angenteni, Ki Putra tan ana prapta, sun cacadhang putri
akeh, baya tulus tan na prapta, yen gesanga pangeran, dene tan ana
arawuh, Ki Nganten Ki Kawisrengga.
3. Timbalana ari mami, Ki Prabu Anom den enggal, ni emban awot sembahe,
tan adangu nulya prapta, Prabu Anom ing ngarsa, angandika sang Aprabu,
wacanane pait kelang.
4. Adhuh dimas ari mami, sira agawea layang, waluyan nuwala kiye, saking
duta ingkang prapta, yayi mas dipun enggal, dimene katur Tumenggung,
sira tantanga ayuda.
5. Lan malihe wekas mami, sakehe para dipatya, Sapi Gumarang barise, yen
besuk magut ngayuda, Kalana Jayakusuma, padha adunen prang pupuh, ana
ing Sapi gumarang.
6. Bapa Agung ingkang kari, si Caho sira gawaa, sira dhingin kang sun
gawe, wakil magut ing ayuda, lawan Jayakusuma, padha adunen prang
pupuh, ana ing Sapigumarang.

7. Telas welinge Narpati, kang rayi wus awot sekar, lengser saking ngarsa katong, prapteng jawi aparentah, marang para bupati, lawan karya angsul-angsul, mring duta nateng Ngurawan.
8. Palastha pinaring nuli, nuwala marang kang duta, sarta lawan pisughe, tanapi pisalinira, dhumateng para duta, busana bagsana agung, ngelebi katri cundaka.
9. Lamine kang duta prapti, apan sampun pitung dina, wau nggenira maukuwon, apan ta aneng Banjara, lega tyasireng duta, caraka anulya mundur, kalawan sawadyanira.
10. Lestari ingkang lumaris, wau kang mundhi wangsulan, saking Bali nuwalane, datan kawarna ing marga, aneng Nusakambangan, samana pan sampun rawuh, angobong-obong samarga.
11. Gancang genira lumaris, praptanya ing pasanggrahan, pan wanci ling-sir wengine, aneng pakuwon Banonbang, gumrah para dipatya, warnanen Raden Tumenggung, apan miyos siniwaka.
12. Putri Gemara yu luwih, aran Dewi Surengrana, ya ta wau salamine, binekta nglurug mring raka, atajin dhahar nendra, tan cinangkrameng lulut, kadya murca kinedhepa.
13. Pan wonten para dipati, anyar telukan punika, limang nagara kathahe, ing Gembong lan Pasuruhan, Japan lan Prabalingga, Pajarakan sarengipun, anggepira kumawula.
14. Bekta sapraboting jurit, nem ewu kathahing bala, kang bekta bedhil lan waos, wadyane para dipatya, kang tetelukan anyar, galihe Raden Tumenggung, langkung amarwata suta.
15. Andher kang para dipati, pan kadya sekar setaman, pan kasaru ing praptane, wau kang para kadayan, piyak kang samya seba, sagunging wadya gumuruh, kang prapta lenggah tur sembah.

16. Mesem wau Ki Dipati, sabda rum lir guladrawa, dene glis kakang lampaha, baya kakang antuk karya, gennya bekta nuwala, Kakang Rangga ingsun utus, endi ta kanang waluyan.
17. Aglis katur punang tulis, tinampun tandya sinuksma, sampat pinaring garwane, Kalana Jayakusuma, alon dennyngandika, lah wacanen mirahingsun, surate Prabu Lengkara.
18. Sira kang prayoga yayi, maca nuwala kang prapta, apan sira wus kinaot pralebda kridhaning sastra, teteh titis tetela, awijang wedaling wuwus, kusuma tanggap sandika.
19. Sampun winaos kang tulis, ungele ingkang nuwala, wus kadhadha jro diryane, sang Retna matur kang raka, pangran sampun kantenan, pan karsaning rejeng Wangsul, paduka tinantang yuda.
20. Semune sang rajeng Bali, datan arsa anungkula, den kongsi tumekeng layon, punika sumangga pangran, linekasana yuda, atur kawula pukulun, sampun ngantos ingoncatan.
21. Ki Rangga matur wotsari, kawula kala aseba, sang Nata sawat kampuhe, sarwi angangge makutha, ajamang sungsun tiga, grudha marep grudha mungkur, majeng ngaler dennyngangkah.
22. Lencir dedege Narpati, nanging cacade satunggal, kalungsur pipi sang Katong, warnane bagus ajenar, menggah pasemonira, memper paduka pukulun, mila kawula karasa.
23. Amicara jroning galih, Tumenggung Jayakusuma, maksih urip ariningong, si Onengan iku baya, aneng Nusakambangan, maksih urip ariningsun, ngawula Bali nagara.
24. Ngandika ki Adipati, dudu iku Kakang Rangga, sang nateng Bali Wiyose, garingsing loro arannya, sira kang kacomplongan, lampahira pan kalli, dudu iku Sri Narendra.

25. Karsane sang Nateng Bali, apan ta wakil kewala, maksih neng pura sang Katong, dahat sira datan wikan, sayektine sang Nata, maksih anom rajeng Wangsul, wakile maksih taruna.

Pupuh ka-7

1. Ki Tumenggung sisiweng neng ngarsi, ana ing pakuwon, sakaliyan kalyan garwane, parekannya andher aneng siti, ingkang rayi estri, mungging ngarsanipun.
2. Angandika sira sang Dipati, mring kang rayi tinon, Ekawarna anggambanga angger, lah ta mara sun priksani yayi, ngong durung udani, genira anggambuh.
3. Ingkang rayi nulya nabuh gendhing, gambang gangsa alon, gandes luwes tinon sasolahe, ki Tumenggung mesem aningali, rinangkul kang rayi, alon wuwusipun.
4. Ya ta wau sarwi ambisiki, yayi ingsun takon, sapa kang muruk nggambang wiyose, ingkang rayi umatur wotsari, sang Prabu ing Bali, kakang kang amuruk.
5. Mendahane ratune wong Bali, yen yudane kasor, apan nora sun pateni tembe, yen mangkono rasane ing ati, kapotangan mami, kadang ngong den wuruk.
6. Mendahane Ratune wong Bali, yen kala anyaron, gandes luwes kasongan solaha, weh wigena pantese yen angling, yen dadia estri, layak rayung-rayung.
7. Sira Dewi Surengrana angling, aduh dewaningong, mbok den seru kapiersa cethine, baya akeh sisipe wak mami, tan bisa ningali, lir wong tunggu tenung.
8. Ki Tumenggung mesem jroning ati, wacananya alon, kusumayu rinangkul

janggane, iki wong ayu pakuning bumi, timur mila gusti, bela tampi kakung.

9. Mila kawula tansah bibisik, lawan ariningong, nateng Bali sun watara bae, kaya bedhah negaranya benjing, prajurit narpati, pan wus padha teluk.
10. Ing Bandayuda Sandiwaringin, Pragunan lumados, ing Pragunan Sidapaksa kabeh, pan sadaya wus teluk mring mami, ecanya ing ati, wadyabala agung.
11. Kusuma yu ing Cemara angling, wuwusira alon, manawi dika ingapesake, marang jawata ingkang linuwih, apan rajeng Bali, sekti tur ateguh.
12. Mesem angaras sang Adipati, raosing tyasingong, nadyan wuwuha ratu kang akeh, awuwuha sayuta tan ajrih, esemira gusti, kang dadi teguh tus.
13. Sira Raden Harya Wukirsari, aseba ngalosot, Raden Sastramiruda jajare, aneng ngarsa pan rada kapering, sedheng dohenenggih, lawan Ki Tumanggung.
14. Ranga Jayasentika anangkil, nanging rada adoh, Demang Jayaleksana jajare, lawan Angabehi Yudapati, parise sinandhing, jagani pakewuh.
15. Nanging Raden wukirsari iki, semune acelong, telung dina kasmaran lamine, aningali Dewi Ekawarni, tan antuk aguling, dhahar nora kolu.
16. Kaping tiga denira ningali, Raden Wukirsinom, kadi jinait-jait maneh, nanging raden tan wikan kepati, siyang dalu nangkil, marang Ki Tumanggung.
17. Sastrawijaya micareng ati, iki sih wong wadon, ayu kuning tur lemes rambute, mung pipine kalungsur sakedhik, teka merak ati, si bungker wong ayu.

18. Wingi sore kapapag neng margi, sumimpang malerok, teka pantes sem-bada warnane, layak ougetan ati sathithik, puna pane ugi, marang Ki Tumenggung.
19. Garwaningsun putri saking Tubin, suprandene kasor, tan madhani enthik-enthikane, maksih ayu wong kang temu wingi, punapane ugi, marang Ki Tumenggung.
20. Yen selire marang Ki Dipati, pan ewuh tyasingong, nora mangkono wau wanine, watarane maksih prawan sunthi, maksih kenya kencling, warnane wong ayu.
21. Yen kadange marang Ki Dipati, lawas nora tumon, ping kalihe nora na wartane, lamun adarbe kadang pawestri, yen anyara prapti, kapanane rawuh.
22. Yen kapanggiha aneng Kedhiri, bekjane wakingong, sun tukoni den entheng rarane, adol kajeng ibu sun lakoni, patra wise gusti, aduh biyang lampus.
23. Pasemone kala nabuh gendhing, memper kakang embok, sapa baya kang muruk dhingine, ayu kuning dedege respati, baya widadari, anuksma wong iku.
24. Yen kembang baya kembang gambir, wong ayu karongron, becik rupane wangi gandane, godhongipun wong ayu alindri, kang nganggo susumping, pantese Tumenggung.
25. Yen iwaka kang iwak tengiri, dahsar ayu anom, kedhik rine alemes daginge, pasemone aweh brongta mami, semu pantes ugi, kadhahar wong agung.
26. Iki silih wong ayu amanis, aweh edan ingang, senthe jurang awaking-sun dhewe, klapa ijo asedheng cumukil, kapindho kawusing, karajah wong ayu.

27. Mendahane kalakon wak mami, raose tyasingong, arabia wong iku rupane, teka gawe rasaning tyas mami, punapaa ugi, dhateng Ki Tumenggung.
28. Sastramiruda ingkang nauri, wacananya alon, gih puniku wuragile vdhewe, sundhulaningsun puniku yayi, kang sepuh pribadi, Rahaden Tumenggung.
29. Kakasihe Dewi Ekawarni, wuragile wadon, ala rupa tur cubluk ing gawe, ya ta wau Raden Wukirsari, amicareng ati, sukur sewu sukur.
30. Aja kapalang goningsun ngabdi, mring Dipati Anom, sadulure pan ayu rupane, nora ilang ingsun kalosodi, mendah baya benjing, pinaringna ingsun.
31. Kakang embok benjing yen kapanggih, ing punagingong, sun urupken kalawan wong kuwe, manawi luntur sihe Dipati, ya ta merak ati, si bungker wong iku.
32. Kaparenga sang Dyah aningali, murca ing pandulon, sang Dyah Ayu micareng driyane, baya mendem genje si wong baring, aningali mami, kaya wong kemaruk.
33. Ya ta matur Dewi Ekawarni, mring kang raka alon, wong punika sinten kekasihe, ingkang akampuh gadhung rinukmi, priyayi ing pundi, kakang dika tundhung.
34. Ki Tumenggung mesem denira ngling, yayi ariningong, putra Kedhiri ika wiyose, kekasihe Raden Wukirsari, sasat Sri Bupati, milu mbedhah Bangsul.
35. Aja sira yayi pasang runtik, wus jamaking wadon, pan jinawat wong bagus rupane, naging sira aja angladeni, aywa sira runtik, iku kanthiningsun.
36. Lamun sira yayi den jaluki, sedhah lawan rokok, poma yayi aturana Raden, nanging sira aywa angraketi, iku dadya kanthi pan anaking ratu.

37. Ekawarni angling jroning ati, wong aden anglamong, teka dadak den uja karepe, dadya singkel Dewi Ekawarni, kesah awor runtik, mundur awot santun.

Pupuh ka-8

1. Mung kari wadya sanambang, ingkang mungwing ngarsaning Sri Bupati, tan adoh lawan sang Prabu, Demang Gagakkalana, lawan Dhandhangminangsi mungwing ing ngayun, lawan Kuntulwilantenan, lan Rangga Wireksengbumi.
2. Ki Menak Agung turira, ya dewaku pukulun paduka ji, yen suwawi mangga mundur, gusti sang Naranata, lir jawata pangamuke Ki Tumenggung, wadya paduka keh pejah, sinten kang ingaben jurit.
3. Ki Tumenggung Kertabangsa, nedya kiwul tan dangu angemasi, Ki Ngabehi Pulangmarus, gusti sampun palastra, lan ki Harya Pulangjiwa wus kapupu, Ki Tumenggung Karungkala, dewaji sampun ngemasi.
4. Ki Rangga Jayaleksana, lan Ki Demang Panatas jurit ugi, kasambut rana pukulun, aneng pangawat kanan, lan Tumenggung Gedhugtimbul wus kapupu, sareng lan Jayalelana, pejah neng pangawat kering.
5. Apan kawula meh pejah, yen pasaha gusti kalawan wesi, enggal kawula amundur, nateng Bali ngandika, dadi apa palastraa Bapa Agung, agunging wong jaman kuda, amung sira ingsun tari,
6. Nadyan akeha punggawa, amung bapa sira kang ingsun tari, katon teman setyanipun, agunging jaman kuna, amung sira kang madhangaken tyasing-sun, aweta dadya punggawa, sira aweta amukti.
7. Kaya paran karsanira, bala entek prajurite akeh mati, sekti teman Ki Tumenggung, Klana Jayakusuma, agawea gegelaran Bapa Agung, purihen pisah balanya, Kalan Jayadiluwih.
8. Sang Prabu Jayalengkara, sigra mangsah ananderaken hesthi, sabalanira

- anempuh, samya sudireng rana, Ki Tumenggung sabalanira cumundhuk, miwah sakadeyanira, apanggih padha wong wani.
9. Kadya ombaking samodra, apan awor swaraning watang gathik, kantar parise Tumenggung, awor sanjata surak, apuyengan, aganti buru-binuru, swaraning sebrak rekatak, bajra putung ting carengkling.
10. Kapisah kadeyanira, Ki Tumenggung apan kari pribadi, sira sang prabu ing Bangsul, apisah lawan bala, sikep panah anitih liman sang Prabu, apanggih ayun-ayunan, lan Klana Jayadiluwih.
11. Ki Tumenggung angandika, baya sira ratu ratuning Bali, warnanira anom bagas, eman yen mati ngrana, angur sira anungkula sang abagus, payo seba mring Ngurawan, yen mati ingsun dhadhani.
12. Sang Prabu Bali bramantya, paksa lansang pangucapmu prajurit, lah nungkula Ki Tumenggung, eman yen matyeng laga, durung mukti warnamu anom abagus, lan dudu sasaminira, sira amungsuh narpati.
13. Ki Tumenggung angandika, ngong wus wikan sira ratu prajurit, anging ta pangrasaningsun, sanadyan mangkonoa, mangsa ndadak wurunga sira kapikut, prabu Lengkara miarsa, bramantya nyandhak jemparing.
14. Ki Tumenggung asusumar, apan sarwi molahaken turanggi, sarwi nyingkur watangipun, hiya sang Naranata, lah tamakna jemparingmu lawan busur, mangsa tinggala gelanggang, lir ginteling rara sunthi.
15. Sang Prabu Bali ngandika, apan sarwi nglepasaken jemparing, suprandene Ki Tumenggung, sura panggah ing rana, malah telas jemparinge nora putus, Sang Prabu Jayalengkara kemengan jemparing enting.
16. Mara Tumenggung malesa, dipun enggal ingsun arsa angicipi, apa jayamu Tumenggung, atandhing kaprawiran, ki Tumenggung amenthang gandhewa sampun, jemparing sampun lumepas, wentis kiwa ingkang keni.
17. Bedhah kampuhe narendra, calananya sap pitu sami ngisis, Ki Tumenggung

- awas ndulu, wentis lir mayang mekar, anglir panjang putra tibeng
sela rempu, asareng pagut ing tingal, lir kilat barung lan thathit.
18. Kadi sasi lan raditya, wus kinuncang marang dewa linuwih, ya ta si-
ra Ki Tumenggung, niba saking turangga, pan kantaka purwa duksina
tan emut, Undhakan Sastramiruda, lawan Raden Wukirsari.
19. Alara denny karuna, apan sami nungkemi pada kalih, Pangeran Raden
Tumenggung, baya kenging punapa, Jaleksana Yudapati sampun mundur,
lan Rangga Jayasentika, apan sami amungkemi.
20. Panyanane pra kadeyan, Ki Tumenggung ginalih nandhang kanin, nuli
ginosongan gupuh, dipun bekta lumajar, kadeyannya mantuk mring
pakuwonipun, kadang kadeyan sadaya, ing wuri sampun anangis.
21. Sang Prabu Jayalengkara, esmu merang angenggokaken hesthi, animbali
wadyanipun, mundur saking palagan, gajah nander wirange saya kagugu,
angrasa asor kang yuda, para garwa tan tinolih.
22. Menak Agung atur sembah, aneng ngarsa sarwi ngadhangi hesthi, mila
paduka lumayu, Klana Jayakusuma, katriwandhan tiba saking kudanipun,
kados sampun nandhang brana, mangga wangsul paduka ji.
23. Mesem sang Prabu ngandika, Bapa Agung ambodhokaken mami, dene bedhah
kampuhingsun, merang maring jawataw dudu padu dulu gawe Bapa Agung,
hiya yen teka palastra, ana pindhane wak mami.
24. Mula amaras tyasingwang, bokmanawa kasoran ing jurit, kalawan Raden
Tumenggung, mendahe wirangingwang, payo mundur Bapa Agung dipun gu-
puh, yen wus teka ing jro pura, payo angulari budi.
25. Menak Agung narik pedhang, sedyanira arsa amagut jurit, pundhake
nuli rinangkul, marang risang narendra, Bapa Agung mundura kakasih-
ingsun, eman yen tumekeng lena, angur aweta amukti.
26. Tandange wadya Cemara, pangamuke lir buta oleh daging, sumahab ba-

reng anempuh, kadya emprit aneba, ramening prang swarane lir gunung
 rubuh, wangkene sungsun atumpang, pan kadi babadan pacing.

29. Ki Patih Jayasemita langkung asor lan Ki Cahu kalindhih, dene bala-
 nira rempu, padha tilar gelanggang, ingkang panggah kathah rusak
 samya lampus, Jayasasmita lumajar, Ki Menak Cahu anggending.
30. Wus mudhun saking turangga, palayune sarwi nyimpang ing margi,
 ngadhuh sasambate lampus, rewange tinunjangan, pan kawula kiyai
 kalangkung takut, sarwi anutupi grana, manawi tiba ing margi,
31. Sakathahe para garwa, para putri ingkang samya yu luwih, rereksane
 Menak iku, kabeh sami kabandhang, Menak Cahu lumayu tan tolih pung-
 kur, marma dalah wahananya, kabandhang mring kusuma di.
32. Kusuma di ing Cemara, duk campuhe kang raka tan udani, pijer ngalin-
 teri mungsuh, amrih kiwul ing yuda, ingkang raka kantaka sang dyah
 tan weruh, tanbuh mungsuh lawan rowang, saking ramening ajurit.
33. Sakathahe putri tawan, maksih aneng wahananira sami, hir gerah pra
 samya muwun, weneh tan bisa mojar, kang saweneh sajungjung aneng ca-
 rumpung, saweneh angpasa pejah, asambat ing rama kalih.
34. Sira Dewi Surengrana, angandika wau sajroning galih, mungsuh iki ka-
 beh larut, pangeran datan ana, ana ngendi gustiku Raden Tumenggung,
 upamine makuwona, dene nora animbali.
35. Kasaru Ki Rangga prapta, alon matur pan sarwi awotsari, dhuh gustiku
 Raden Ayu, kula atur uninga, raka dika jeng pangeran tan emut, mar-
 mane nandhang kantaka, ayuda lan rajeng Bali.
36. Kusuma yu angandika, Kakang Rangga apa pangeran kanin, Ki Rangga
 alon umartu, boten anandhang brana, raka dika sarirane maksih alus,
 anging Dewi Surengrana, mbok kena ing hantu bumi.
37. Yen mangkono Kakang Rangga, iringena bandhangan para putri, ingsun

- makuwon karuhun, poma kakang pacuwan, yen ilanga sawiji tugel gulumu, iku bakal caca asan, mring Kangjeng Pangeran Dipati.
38. Sira Dewi Surengrana, ratanira sinanderaken aglis, datan kawarna ing ngeni, wus prapteng pasanggrahan, ebusekan swaraning janma gumuruh, sira Dewi Surengrana, pramana kalingan brangti.
39. Kusuma yu nungkul`pada, awungua gusti pangeran mami, punapa Raden kang den luh, gusti ge ngandikaa, pawongane eca angucali jamu, baya ta sakit punapa, salirane waras-wiris.
40. Undhakan Sastramiruda, anungkemi sarwi lara anangis, pada tangan kang pinangkul, sarwi sambat pangeran, mangu ngadhuh ni Ekawarna dinulu, sira Dewi Ekawarna, alara denira nangis.
41. Sang Dyah amicareng nala, langar temen wong ika si disebiḡ, nangisi Kakang Tumenggung, sarwi nglirik maring wang, sok ngujiwat aningali marang ingsun, wong iku atine ala, datan kena pinarcadi.
42. Paraning kang panatmata, sajatine amangarah mring mami, anangisi sadulurku, sarwi angrangkul pada, jalma lengleng sapolahingsun dinulu, mau si Ludhes taruna, teka niba pangkon mami.
43. Sok si kakang waluyaa, nora wande sun aturaken benjing, solah tingkahe wong iku, si Dongkrah larah-larah, panangise sok ngujiwat marang ingsun, lamun ningali maring wang, ulate bandhil ngeneni.
44. Mojar Dewi Surengrana, awungua gusti pangeran mami, yen darbea lara esur, dene nora ngandika, apa baya jajampine gustiningsun, sira Dewi Surengrana, srinatane den usapi.

Pupuh ka-9

1. Rajeng Bali ngandika ing galih, emeng ing tyasingong, kaya paran baya wekasane, pasthi bedhah nagari ing Bali, prajurit ngong enting,

- punggawa keh lebur.
2. Yen ta ana sihing jawata Iwih, kang asih maring ngong sapa baya kang sun andelake, pasthi bedhah nagara ngong benjing, kalintang asekti, Rahaden Tumenggung,
 3. Ana kari prajurit ngong siji, Bapa Agung kang wong, arsa ingsun pagutake gawe, eman kalamun mati ing jurit, pindho papa mami, matia si Agung.
 4. Bapa Agung yen matiyeng jurit, maring awakingong, priyayine Jeng-gala wiyose, ingkang murca jinempaneng angin, baya nora ngimpi, Kakang Marabangun.
 5. Menak Agung neng ngarsa sang aji, ing siti anglosot, alon matur sarta lan sembahe, dhuh dewaku gusti jeng sang aji, kantuna amukti, kawula mit lampus.
 6. Angamuk mring mungsuh kang prapti, ingkang ngobong-obong, aneng jawining kitha arame, Prabalingga kalawan ing Bangil, ingkang angobongi, jawi kitha kidul.
 7. Sampun kinepung kitheng narpati, ingkang mungsuh kaot, tur sawenang-wenang pamagute, apan sarya surak wanti-wanti, wus tuwuk amukti, pun Agung mit lampus.
 8. Angandika sang Prabu ing Bali, andikane alon, amung sira kekasih ngong dhewe, aja sira magut ing ajurit, eman sira mati, sapa kang sun tantun.
 9. Bapa Agung sira sun tuturi, kalayu dening ngong, lan Tumenggung Jayakususumane, nora ajrih ingsun padha siji, mila mundur mami, bedhah kampuhingsun.
 10. Wentis kiwa kena ing jemparing, kacundhuk ing bedhor, kampuh bedhah terus calanane, tan cinatur rasaning jemparing, Ki Tumenggung iki,

niba banjur kantu.

11. Yen ta aja dadi mungsuh mami, sanget welas inggong, ingsun tinjo marang pakuwone, dene larane anyala wadi, nora babak bunyik, cekengkeng gya kantu.
12. Duk ingsun karya lesan jemparing, akeh bedhoringong, teka eca atetegar bae, nora pasah kena ing jemparing, dupa males mami, niba datan emut.
13. Baya kena tulah sarik mami, ing wataraningong, dene mungsuh dudu sasamane, asagunge para rabi mami, layak padha nangis, kang katawan mungsuh.
14. Kalaningsun amapag ing jurit, awas tingalingong, marang Raden Tumenggung citrane, apideksa warnane apekik, karane asekti, jer warnane bagus.
15. Sri Bupati micara ing galih, wingit ing pasemon, kaya putra Jenggala wiyosw, kang murca jinempana ing angin, layak undha-undhi., lawan ki Tumenggung.
16. Bapa Agung poma wekas mami, den prayitneng kewoh, abarisa ngalun-alun bae, didimene wong Ngurawan prapti, utameng narpati, mati ngalun-alun.
17. Nyi Sebet wau ingkang tinuding, marang ing sang katong, kinen nderek mring pamidikane, karsanira amuja semedi, anedha kasaktin, mring bathara luhung.
18. Nimbok inya matur awotsari, dhuh dewaku katong, sumangga ta sumangga samangke, sigra lengser Kanjeng Sri Bupati, lampahé alirih, ing sanggar jinujug.
19. Ni Sebetan wau ingkang ngiring, lampahé sang katong, wau ta Ni Wahan rowange, lampahira esmu pinrihatin, welas aningali, marang

- sang aprabu.
20. Menak Agung apan esmu tangis, ningali sang katong, teka ngadhuh den pijet nalare, tiwas teman Agung sira iki, baureksa nagri, adelap tumuwuh.
 21. Menak Cahu marase kang ati, micara driya lon, padha-padha kinawulakake, anggung gawe`si Agung tinari, beleh nora mati, den kethoka mungsuh.
 22. Adhi Agung sira sun tuturi, duk ingsun rerempon, nunggang rata wong mungsuhku biyen, apan aku sinipat jemparing, irung sumaripit, kaliwat amamprung.
 23. Nadyan kena ing sarira mami, dipun ajur amoh, apan ingsun nora nguri pake, atatus karo belah sisih, mila ingsun giris, mbok angarah irung.
 24. Yen irungku kena jineparing, ngarah irung copot, saliraku pan suda baguse, mila ingsun malayu anggending, nora toleh mami, karahingsun runtuh.
 25. Patih kalih apan sampun mijil, saking jro kadhaton, sampun prapta ing ngalun-alune, anindhihi wadya ingkang baris, sagunge prajurit, amung kantong sewu.
 26. Enengena sang Prabu ing Bali, genti winiraos, ingkang lagi wonten ing pakwone, sang Kalana Jayakusuma di, kemengan ing galih, sira Ki Tumenggung.
 27. Mila emeng tyase sang Dipati, dene raja kaot, nateng Bali, mubeng kutha bae, siniwaka tan ana metoni, nyanane wadya lit, atilar kadhatun.
 28. Rangga Jayasentika wotsari, matur mring sang Anom, kadya paran gusti wekasane, rajeng Bali tan miyos ajurit, kawula watawis, sampun

lolos dalu.

29. Ki Tumenggung angandika aris, ing panduganingong, rajeng Bali ngubengi kuthane, dene nora nana ametoni, sun watara yekti, sang Prabu ing Bangsul.
30. Asru puteg tyase nateng Bali, aneng jro kadhaton, baya arsa aminta ing sihe, hiya marang jawata linuwih, rasane kang galih, kadya madu juruh.

Pupuh ka-10

1. Ki Kalana Jayakusuma ngling, dhuh dewaning sinom, nora nedya amales abdine, tekeng pati pan ingsun lakoni, amung sira gusti, yuswaningsun katur.
2. Raja Bali wirange kepati, pamuwuse alon, lah prajurit paran ta karsane, ingsun iki pan dudu pawestri, payo genti keris, sira lawan ingsun.
3. Ya ta mojar sira dang Dipati, marang ing sang sinom, dipun sundhul jiyat gaganjure, prapteng pati pan ingsun ujudi, saking byating wingit, ngawula wong agung.
4. Dadya emeng tyasira sang aji, kaungkulan ing wong, tan winales wau panjojohe, saya wirang tyasira sang aji, mundur sarwi noli, mesem Ki Tumenggung.
5. Sang Apanji wau atut wuri, malebet kadhaton, sarwi noli kakalih lampah, sri bupati micara ing galih, datan wande mati, paran polahingsun.
6. Sri Narendra nulya minggah guling, tangkep langse alon, nyandhak kampuh ajingga kukupe, sang Apanji wau anungkemi, kawula tur pati, sumangga wong ayu.

7. Sun ulati gusti nglaya bumi, ing guwa kang singob, ing pasir wukir tanah pringgane, suralaya wus ingsun ideri, sun ubres dewa di, meksa tan katemu.
8. Hyang Pramesthi ingkang sun klosodi, ing panyananing wong, pan kinondhang ing Suralayane, nora ketang anemahi pati, mung andika gusti angger ingsun lurus.
9. Sang Dyah menggah alon anauri, baya raganingong, pan dinalih wong sundel anjinge, ingaranan ingsun ngewal kapti, benjing kendel mami, yen wus ngaryut tuwuh.
10. Datan bisa milu awak mami, ingkang sida nglamong, anyampur kang kadya karsane, mangsa padha kang ana ing kapti, awakingsun iki, wong papa wulangun.
11. Klana Jayakusuma nauri, aduh jiwaningong, janma nistha wakingsun nah angger, ngupayaa eklasing panggali, den piyandel gusti, tan cidra ing wuwus.
12. Kadi kate kang anggayuh langit, kongsi tekeng lajon, maksa ngawiyat ika parane, pan mangkono upamine gusti, tuwas tekeng pati, datan antuk sawung.
13. Sarwi tumungkul angasih-asih, dhuh-dhuh mirahingong, amung Panji apurana angger, pan akathah dosane kang abdi, welasana gusti, kawula wulangun.
14. Yen asuka sunga ganten wangi, runtiknya wus angok, sihing abdi tan liyan pun angger, nadyan krama dyah sangking swarga di, raose kang abdi, tan liyan dyah ayu.
15. Yen sun sawang-sawang kusuma di, lir murca ing ngenggon, saya minggah anukmeng nalane, nora liyan ingkang kadi ratih, kadya wor ing liring, pun Panji angadhuh.


16. Surating anggana tuntung randhil, lir thathit dyah simom, pan sadalu kitrang nirmalane, denny ngungkih ing sari tan polih, tutuhu srang muni, kadya nukmeng santun.
17. Pan sinambut sang dyah Ratih aglis, gya ingemban alon, menggah ingaras mawang citrane, dyan ingawas dyah mawanti-wanti, saking byating asih, siranata ingelus.

Pupuh ka-11

1. Apan sampun kamanungsan, sira sang Prabu ing Bali, nyata yen Candrakirana, Sekartaji ing Kedhiri, murca saking nagari, saestune Raden Galuh, Dewi Candrakirana, dhinustha kalaning wengi, Ki Tumenggung lolos saking ing nagara.
2. Datan kawarna ing marga, ing pakuwon pan meh prapti, kang aran Sapi-gumarang, prajurit kang mondhong putri, kalangkung dera sekti, kang aran Raden Tumenggung, wus prapta pagulingan, lah hiya Kalaning nguni, tuhu endah warnane kang pasareyan.
3. Warnane Hyang Narada, kekejek aneng wiyati, sarwi banting kethunira, latak-latak denny angling, pinter Ki Wanengpati, adhi Candra den agupuh, kuncangen yoganira, tibakna aneng Kedhiri, dadi apa gara-gara swarga loka.
4. Kalamun liya nagara, patemon putra lan putri, dadi rengkaning nagara, swarga loka lir ginonjing, sang Hyang Candra nuruni, kawarnaa Ki Tumenggung, wus dungkap ing pasareyan, manjing jroning jinem wangi, sang kusuma eca denira anendra.
5. Duk arsa sineleh sira, sang retna mring Ki Dipati, musna saka ing ngembangan, Kalana Jayadiluwih, kaget, niba tan eling, Ki Rangga nungkemi gupuh, gumerah pasanggrahan, tambah rowang mingsuh neki,

bilulungan tan weruh sangkaning warta.

6. Pan sami kontrang-katringan, sakathahe para putri, wus samya anunjang palang, saweneh pating jalerit, takon-tinakon sami, parekan lan para bau, saweneh ana ngucap, iki mungsuh agung prapti, kang saweneh ana gendhong panjenira.
7. Kaget Dewi Surengrana, Ki Rangga dipun takoni, kakang Rangga ana apa, sira anggugah wong guling, Ki Rangga matur aris, inggih raka dika kantu, sadhatenging nagara, sajroning kitha ing Bali, raka dika pan kadi kena wisaya.
8. Gupuh Dewi Surengrana, kang raka den palajengi, sareng prapta pre-nahira, kang raka dipun sungkemi, apan sarwi anangis, sasambate melas ayun, pangeran kena apa, sarirane waras wiris, baya kena tenunge Sri Naranata.
9. Asanget ingkang wisaya, ratu-ratune wong Bali, wingi Sun arsa miluwa, ingsun tinungkul aguling, kaniaya kepati, gustiku Raden Tumenggung, ingsun mirma kalintang, meksa anglimpekken mami, lah ta iki kepanggih wonten sarira.
10. Sagung putri sami prapta, miwah Dewi Ekawarni, anjrit nungkemi kang raka, gumer sakeh para putri, nungkemi suku kalih, kang tangis, langkung gumuruh, miwah para kadeyan, sadaya lara anangis, Yudapati pan kadi ngamuk-ngamuka.
11. Ki Demang Jayaleksana, pan tansah angawet lathi, wadana bang winga-winga, Ki Ngabehi Yudapati, barengose pinuntir, pan tansah abekah-bekuh, kuda Sastramiruda, lawan Raden Wukirsari, niba tangi anangisi mbing kang raka.
12. Tangisi kadi wanodya, sakehe para dipati, padha maras ing tyasira, anedha dewa kang luwih, waluya Ki Dipati, rpanedhaku Ki Tumenggung,



antuka sihing dewa, waluyaa Ki Dipati, pan gumurhh swaraning jro pasanggrahan.

13. Maksih tan emut kewala, sira wau Ki Dipati, pan tansah kinuswa-kuswa, marang sagung para rabi, samya micareng ati, sakathahe para arum, mendahane sedaa, Ki Tumenggung Adiluwih, baya ingsun wus karsane ing bathara.
14. Dhingin alaki narendra, hiya marang rajeng Bali, luwih mukti awi-bawa, nanging tan enak ing ati, mengko laki Dipati, katekan siyang lan dalu, kelangan nuli seda, tan dermane awak mami, ibu rama baya padha kurang tapa.
15. Tan wande katimpah-timpah, ingkang kaya awak mami, sewu mohiteng wardaya, tanpa pepindhane yekti, ana kang dadi ati, wekasan atemah kantu, sakehe para garwa, alara denira nangis, kang sinambat tan liya sang Adipatya.
16. Ya ta Ki Rangga ris mojar, alah dipun alon yayi, sampun dika menggah-menggah, balik gustinira iki, paran rembage sami dene sanget dennya kantu, payo golek usada, marang kang wong guna yekti, paran baya endi prenahe kang bisa.
17. Angling Dewi Surengrana, pangandikanira ririh, kang Rangga usada apa, larane Pangran Dipati, dudu lara panas tis, dudu lara rumab ngelu, iki lara kasandhang, larane kandhuan kingkin, pan katara esmuse Kangjeng Pangeran.
18. Balik padha ulatana, kang dadi paraning galih, menek ana ingkang garwa, kang maksih aneng nagari, iku kang dadi brangti, lah hiya Pangran Tumenggung, apa mangsa oraa, ana ingkang dadi brangti, Rangga Jayasentika alon turira.
19. Kawula datan uninga, wau ingkang dados brangti, kawula wonten ing

jaba, apan datan mireng mami, solaha Ki Dipati, ing wau saunduripun, ingsun tumut kewala, datan wikan ingkang warti, tan uninga Raden Tumenggung solahnya.

20. Sapraptaning pasanggrahan, lajeng dhateng jinem wangi, nulya nibeng pasareyan, lajeng kawula sungkemi, matur tan den sauri, kang netra liyep pandulu, amba lajeng karuna, binarung ing para manis, milanipun kawula mungu sang retina.
21. Ing mangke kadya mangkana, kawula datan udani, yen brantia mring wanodya, dene datan ngetawisi, karsane Ki Dipati, mangsa boronga mas ayu, ing watawis kawula, suwung kadhaton ing Bali, datan wonten swaraning janma rarasana.
22. Angling Dewi Surengrana, sanadyan musnaa ugi, ratu ing Nusakambangan, pangeran kacurnan iki, tenunge ratu Bali, tinujokaken Iwih ampuh, prasasat tanpaingan, kuwasane raja Bali, lair kalah nanging batine wijaya.
23. Tandhane pangeran kalah, dene kena ing piranti, saprartane ing kadhatyan, pangeran sanget tan eling, labet keneng piranti, kena teluh pelu-pelu, yen ingsun ginawaa, mangsa mangkonoa yekti, pan katara sémune kena ing guna.
24. Dhingin kalah perangira, kalawan sang rajeng Bali, waras-wiris kang sarira, suprandene nora eling, datan kena ginalih, wiyayane ratu Bangsul, kang Rangga kaya paran, ilanging guna piranti, sapa bisa marasna wong kena guna.
25. Nulya ingoyong kang raka, kusuma sarwi anangis, pangeran dika wungua, tingalana ingong gusti, lan sakehing pra putri, emana kang para arum, tan ana cinangkrama, nganiaya Ki Dipati, milanipun paduka bedhah nagara.

26. Kang para putri sadaya, anangis pan sarwi angling, pangeran gusti wungua, sasambate ingkang sakit, manawi kula gusti, saget njampeni pikulun, wau ta kang sasambat, weneh sanggup nyanyawani, kang saweneh ana sanggup sekaloran.
27. Ya ta putri Bandayuda, umatur sarwi anangis, dhateng Dewi Sureng-rana, mas ayu lamun suwawi, inggih Pangran Dipati, sami jinampen mas ayu, singa ingkang katrima, sasaged kawula gusti, mbokmanawi kasambet sajroning pura.
28. Mojar Dewi Surengrana, sakarsanira jampeni, padha akarya tetamba, sasenengira pribadi, beda apa lan mami, pan sami karya jajamu, singa ingkang marasna, endi ingkang dadi becik, pan sadaya pra gar-wa akarya tamba.
29. Mojar pra putri sadaya, atur sembah inggih gusti, saweneh karya sambatan, ana sawanan pinipis, padha mipis pribadi, sakathahe para arum, ana boreh wangi ka, sekaloran kang kinardi, weneh ana anton-anton kang kinarya.
30. Kang saweneh iku ana, parem sere kang jajampi, apan sami warna-warna, panemunira pribadi kathah solahé sami, ana kang mborehi suku, ana kang dalamakan, sènembur dipun sranani, weneh ana wentise kang binorehan.
31. Nengena datan kawarna, kang aneng pakuwon nenggih, ki Menak Agung kocapa, kang maksih nindhihi baris, kang ngreksa ing nagari, arsa matur mring sang prabu, Ni Sebetan kapapag, aneng regolan nuli, Menak Agung alon denira tatanya.
32. Lah nyai lagya punapa, wau sira Sri Bupati, Nyah Sebetan lon mojar wuwuse arum amanis, pan sampun pitung ratri, ana ing sanggar sang Prabu, sanget nekung jawata, ing sanggar denny nenehi, Menak Agung

alon denira ngandika.

33. Kawula dika aturna, arsa sowan Sri Bupati, alami datan katingal, Nyai dhateng Sri Bupati, ingkang sami abaris, paran karsanya sang Prabu, rehning sampun alama, dene datan anekani, paran karsa darmanira Sri Narendra.

Pupuh ka-12

1. AAdhi Agung dipun enggal, nuli tarajangen aglis, Kalana Jayakusuma, nuli bantingen mak cuwit, bekuken dhingin adhi, gulune den gumalethuk, Ki Tumenggung yen modar, iku bisa mbeboyongi, yen wus mati bojone separo sewang.
2. Kalana Jayakusuma, angandika wanti-wanti, Agung yen sira prawira, lah majua padha siji, payo mara den aglis, Ki Agung kurda kalangkung, pan nuli anarajang, mawur sagung para manis, gya sinikep Kalana Jayakusuma.
3. Ki Agung merem kewala, sedyane arsa ambanting, ingangkat nora kuwawa, ana karasa ing ati, kayainan nguni-uni, hiya mring momonganipun, Ki Putra ing Jenggala, kala timur yen abudi, Ki Prasanta amondhong nora kuwawa.
4. Kalana Jayakusuma, adangu dipun uleni, pangrasane ingkang manah, kadi wong dipun jampeni, temah ilang kang sakit, ingkang lara ngeres linu, Ki Agung kaya buta, tenagane nggigilani, kampuh jingga teles dening eluhira.
5. Sami maras manahira, sakathahe para putri, sadaya sami karuna, dhuh dewa pangeran mami, nora amungsuh jalmi, sasat mungsuh budhar-budhar, Menak Cahu ambapang, bendhene sarwi tinitir, Adhi Agung gulune sira bekuka.
6. Sakehe para kadeyan, tan ana wani nulungi, Kalana Jayakusuma, ja ta

angandika aris, yen amrih pati mami, sira meleka karuhun, aja merem kewala, awasena den abecik, ing cirine momonganira duk kuna.

7. Pan aku kala ing kuna, aduwe sadulur siji, aran Ki Menak Prasanta, kang momong duk kala alit, baya sampun ngemasi, wkwane wetaraningsun, rupane kaya sira, malah dipun tarimani, marang rama ingkang estri garwanira.
8. Marmane pisah lan ingwang, kala titinjo mring Keling, kerem tengah-ing samodra, pantese hiya wus mati, nanging adarbe ciri, Kakang Prasanta karuhun, duk inggun maksih bocah, udele sun sundep eri, tekeng tuwa cirine maksih katara.
9. Yen sira tumbuh tanaya, gustinira raja Bali, nyata yen Candrakirana, putri adi Sekartaji, baya wakane pangling, marang ing momonganipun, inggun putra Jenggala, Raden Ino Kertapati, awasena kadangmu wus sira rengga.
10. Kaget Ki Menak Prasanta, kaya tesmak aningali, pipilingane kang ketang, waé ingkang dipun liring, apan sampun kaeksi, toh sepah kasaban rambut, mendorong lir mutyara, aneng saluhuring kuping, anjrit nangis nungkemi Menak Prasanta.
11. Pangeran gusti bandara, nyata yen putra ing Keling, pangajapingsun ing tawang, sun ulati ngendra pati, bener Narada dhingin, ingkang atatur maringsun, ki putra ing Jenggala, benjang ing tembe kapanggih, laman bedhah nagara nusakambangān.
12. Ki Raka lah marenea, iki gustimu kapanggih, nyata Ki Putra Jenggala, Ki Caho angiwi-iwi, asru denira angling, kasamaran adhi Agung, raja putra wus pejah, kala titinjo mring Keling, Agung mojar kawula kilap punapa.

13. Ki Caho alon angucap, ingsun karya pasanggiri, yen nyata putra Jeng-
Sala, muga copotatumuli, karahe irung mami, nulya copot karah irung,
bendhene dipun buwang, Ki Caho sigra nungkemi, sokur sewu adhi emas
maksih gesang.
14. Ki Agung alon angucap, ki rakà jawane wani, pan dudu sasaminira, su-
mantana sun arani, kadangmu saka ngendi, ngucap iki sadulurmu, Dho-
yok beda punapa, Raden putraning narpati, nadyan ingsun Dhoyok putra
ne si Bapa.
15. Sagunge kadang kadeyan, sadaya gawok ningali, marang Ki Menak Prasan
ta, sadaya sami ngujungi, sampun sinung udani, yen Ki Putra Marabang-
un, Ki Hinu Kasatriyan, yen Tumenggung Adiluwih, kang kadeyan sadaya
marwata suta.
16. Ki Tumenggung angandika, marang Ki Prananta ini kakang suntuturi si-
ra, gustinira ing Kedhiri, kang dadi ratu Bali, ngong bekta saking
kadhatun, prapta ing pasanggrahan, arsa sun selehken ririh, datan
wikan ilange saking ngembanan.
17. Gawoke ati kawula, tan wikan kang gawa iki, Ki Prasanta atur sembah,
kawula umatur gusti, wartane jaman dhingin, inggih gusti sawabipun,
kalebet ila-ila, yen putra kalawan putri, nggih wikana salah lawan
benerira.
18. Kapanggih jroning petangan, gusti wong ing jaman dhingin yen putri
kalawan putra, inggih gusti datan kenging, manawi apa panggih, ing
saenggen-enggenipun, yen dede ing nagara, Jenggala lawan Kedhiri,
tan winenang anganakken gara-gara.
19. Raja putra angandika, kakang raose tyas mami, lir tinebak ing mong
tuna, liwat cuwa ingkang galih, angur matia mami, nulya kantaka
sang bagus, tan emut ing duksina, gumer sagung para putri, anungkemi

dhateng kang sanget kantaka.

20. Miwah Dewi Surengrana, nungkemi jajaning laki, apan sarwi tinangisan, miwah sakehing pra putri, sadaya sami nangis, sasambate melas ayun, dhuh gustiku pangeran, lah engeta gusti mami, sapa baya jam-peni lara asmara.
21. Sira Dewi Surengrana, sasambate melas asih, pangeran kenging punapa, sok neneka ingkang sakit, tenunge raja Bali, mandi temen pujanipun, tenunge wong kuwasa, raja Bali sampun mati, suprandene tenunge mak-sih ketara.
22. Pan sarwi alon ngandika, Ki Demang ingkang tinuding, kang Demang Ja-yaleksana, kalawan kakang Ngabehi, jamak wong menang jurit, padha tuk jarahan agung, cethi lan rajabrana, sesining pura binresih, a-mungisira kang-prayoga lumakua.
23. Ki Demang Jayaleksana, lan Ngabehi Yudapati, tan lenggana sigra men-
23. tar, lampah amboboyongi, parekan lawan cethi, saha raja brana agung saisine jro pura, ingusung lir toya mili, rarantaban prapta ing Sa-pigumarang.
24. Ni Sabetan Ni Wayahan, wus babar Ni Bayan Sanggit, apan sampun milu sirna, melu kusuma Kedhiri, sarupane kang Cethi, datan ana ingkang kantun, mulyeng Kusumaningrat, karsaning dewa kang luwih, pinanjang-na wau ingkang lalampahan.
25. Myang Patih Jayasasmita, apan sampun nunggil warni, datan kena akan tuna, ya ta milu kusuma di, ing marga tan kawarni, saisine ing Ka-dhatun, cethi lan rajabrana, sawarnine datan kari, ya ta aglar pa-kuwon Sapigumarang.
26. Sarupane beboyongan, andher ginelar ing siti, wau ta awarna-warna, katur mring sang Adipati, kang maksih dereng nglilir, putri Cemara

- umatur, wau dhateng kang raka, pan sarwi angoyog ririh, dhuh pangeran gusti paduka wungua.
27. Saisine ing kadhatyan, Nusakambangan tan kari, pan wus kacakup sadaya, brananya lan para putri, sadaya sampun prapti, kaya paran Ki Tumenggung, kawula tan puruna, ngriyini karsaning gusti, pan kawula tiyang nyethi amawongan.
28. Pangeran dika wungua, punapa wekase ugi, paduka manggung kantaka, Ki Pransanta matur aris, sarwi dheprok ing siti, paran karsa aturipun, gusti garwa paduka, tan wonten wekase malih, wus jamake prajurit kang kinuwasa.
29. Angupaya kanugrahan, atapa ing gunung wesi, sida tawa wurung tampa, wurung mukti sida mati, wurung mukti sireki, punika pilenggahipun, prajurit kang kinuwasa, yen pinareng ing dewa sih, lamun dhaup ele-ta ardi samodra.
30. Mangsa boten kapanggih, yen ngantos kang jatu krami, lantaraning ayuda, ambedhah ingkang nagara, kala mukti wus mati, punika wong kang linuhung, apunjul ing apapak mrojol ing akerep gusti, jalarane ingkang sinembah ngalaga.
31. Boten kang kadya paduka, wong karem dhateng pawestri, dadi lenggahi ing satriya, samana sang Adipati, apan kadi pinetik, amiyaksa aturipun, wau Menak Prasanta, ature manuju ati, nulya enget anglilir mangaras garwa.
32. Mesem wong Agung ngandika, lah sira edumen yayi, sakarsanira priyangga, kang brana lan para cethi, den racak lawan ngadil, ingsun datan milu-milu, tanggap dyah Surengrana, nulya andum para cethi, sumawana sanggvaning kang rajabrana.
33. Wau denira mrayoga, brana wau dipun palih, sapalih sinungken wadya,

myang para kadeyan sami, apan dinumken sami, mring sagunge para arum, wus warata sadaya, tan ana kang pilih asih, samya suka sagung kang para punggawa.

34. Amung cethi lan parekan, kang dinumken para putri, wus sami wradin sadaya, sagunge kang para manis, datan apilih asih, apan sami gebyagipun, Klana Jayakusuma, ingkang datan kena tebih, lawan wau sira Ki Menak Prasanta.
35. Tansah tinari ing prana, Kalana Jayadiluwi, anglancarken manahira, sakathahe para manis, kinen kasukan sami, badhayan siyang myang dalu, suka gunging punggawa, aningali Ki Dipati, samya enggar manah para bupgtya: . . .
36. Kawarna sampun lama, satriya kang menang jurit, munggweng Sapigumarang, kaliwat wibawa mukti, siyang dalu karesmin, kinarya panglipur wuyung, Raden Prawatasekar, tansah wau agung brangti, pangemane marang Dewi Ekawarna.
37. Wau ki Menak Prasanta, ginubel mring Gunungsari. Menak Prasanta wus wikan, lamun putra ing Kedhiri, arsa nauri kang sih, mring kang raka kusuma yu, Raden Prawatasekar, mring Prasanta ngasih-asih, pamukuse rahaden amelas arsa.
38. Menak Prasanta ris mojar, wonten punapa mas yayi, dhateng ing pondhok kawula, dahat kumepyur kang abdi, katamuan jeng gusti, pun Prasanta nistha tuhu, punapa kinarsakna, Raden angling ngasih-asih, nadyan kathah ki lurah amung andika.
39. Ingkang prayoga punika, tutulung wong kawlas asih, anguripaken wong pejah, pinten banggi ta ing benjing, kula saged mangsuli, ki lurah pasihanipun, inggih dhateng kawula, yen ta saged amudhari, mring kawula kang lagi anandhang brangta.

40. Upamine wong apejah, dipendheme pitung bumi, kang lurah anguripena, Ki Prasanta anauri, pundi ingkang kagalih, pawongane Ki Tumenggung, miwah ta ingkang garwa, punapa putri paminggir, Raden Arya saure amelas arsa.
41. Kang lurah sun karya apa, pawongan kalawan cethi, miwah wau ingkang garwa, kaliwat nggoningsun ajrih, lamun ki lurah wani, arinipun Ki Tumenggung, kang aran Ekawarna, punika kang ingsun galih, Ki Prasanta angguguk gumuyu suka.
42. Prasanta matur alatah, inggih raden kula wani, matur mring raka paduka, namung paduka epahi, inggih kalamun keni, tan aeng mung bubur katul, gulane ingkang kathah, mawi sinantenan kanil, gih punika radhaden doyanan kula.
43. Raden Arya sru entyarsa, sumaur anyeblek wentis, aja susah kowe kang, bakal sun tomboki malih, kang kampuh sapiranti, lawan dhuwung cara Bangsul, topengan mata mirah, ukiran rukmi gerandim, saben sore sun madati satuwuknya.
44. Ki Prasanta aturira, gugujengan bae gusti, pinten banggi begja dika, kawula darmi nglampahi, yen jodho dika gusti, kados suka Ki Tumenggung, lah paduka kondura, sampun dika njuwarehi, Raden Arya wus kondur mring pasanggrahan.
45. Warnanen putri Cemara, Dewi Surengrana nenggih, lagya lenggah piyambakan, ingadhep pawongan cethi, ngisik-isik jemparing, anglisahi waosipun, landheyan naga puspa, waos dhapur dara dasih, yen sinawang lir pendah putri Cempala.
46. Ki Prasanta sigra prapta, ginak-ginuk lenggah ngarsi, Dewi Surengrana mojar, lah kakang bagea prapti, ana karya kang gati, sira rawuh esuk-esuk, pantese arep mangan, apa kurang blanjane, mbok ma-

nawa amoh kampuhira kakang.

47. Ingsun kang aweh mring sira, sayekti ing sun paringi, aja sumelang sireki, mintire paparingingsun, Prasanta alon turnya, kapiyarsa melas asih, sinten malih ratu mas yen dede dika.
48. Kang kawula arsa-arsa, ing awal tumekeng akir, aliya jeng sang kusuma, kang kawula tetedhani, rehning kula tiyang sepuh, datan betah alampah, yektine kedah abukti, marmanipun kawula merek kusuma.
49. Sira Dewi Surengrana, angandika marang cethi, age sira mumundhuta, pawongan sigra lumiring, tan suwe nuli prapti, sekul ulam kendhini-pun, sang kusuma ngandika, kakang lah mangana aglis, Ki Prasanta a nuli lekas adhahar.
50. Wus dangu nulya bubaran, Ki Prasanta den nya bukti, apan sampun li-norodan, sang kusuma ngandika ris, lah kakang tak paringi, kampuh lawan sabukipun, Prasanta nulya tampa, oleh gawe ing sun iki, uwis wareg anuli tampa paringan.
51. Tan kuwasa mangsulena, paringane kusumadi, nulya matur Ki Prasanta, ature angasih-asih, kawula kala wingi, inggih gusti kusuma yu, Raden Astrawijaya, dhateng pondhok kula wingi, sakalangkung wau den nya melas arsa.
52. Kula ken mantuk tan arsa, sadalu genipun nangis, anggubel dhateng kawula, pamuwuse ngasih-asih, kakang sun temah mati, sanget nggen kula wulangun, lumaku ingaturna, dhateng raka dika gusti, Raden Arya angaturken pejah gesang.
53. Punika putra ing Daha, Raden Arya Gunungsari, ibu ratu bapa nata, menawi langkung prayogi, kature Ki Dipati, sampun tanggel den nya mupu, dene putra narendra, tan kuciwa lan kang rayi, pinten-pinten ampu wong kawlas arsa.

54. Kakang lurah pira bara, yen katampan atur mami, jeng Pangeran Dipatya, payo seba Ki Dipati, nulya sami lumaris, Ki Prasanta atut pungkur, cethi ngiring sadaya, dhumateng mring kusuma di, sampun prapta wau ta ing prenahira.
55. Warnanen Ki Adipatya, aneng pasanggrahan sepi, asare ing Yasakambang anglilipur ingkang ati, maksih karaseng galih, ingkang muksa kusumayu, kang binuncang jawata, ingkang jenemparing angin, sira Dewi Surengrana jujuk Kambang.
56. Kalana Jayakusuma, apan ta lagi aguling, wau aneng Balekambang, Dewi Surengrana prapti, aneng dagan alinggih, angoyog sampeyanipun, pangeran awungua, gustine kang para manis, kadingaren asare ing Yasakambang.
57. Kaget wungu nulya lenggah, Kalana Jayadiluwih, kusuma wonten punapa, emungu geningsun guling, putri Cemara angling, mila kula kami purun, mungu ing kangjeng pangran, dene kadingaren ugi, enjing-enjing paduka sare ing Kambang.
58. Cethine sandeyeng cipta, gih manawi datan eling, kena tenunge narendra, srayanira raja Bali, amaras ingkang galih, ithik-ithik nuli kantu, kami purun kawula, inggih lawan wonten malih, Ki Prasanta nenedha marang jeng pangran.
59. Ing mangke wonten ing jaba, mesem angling Ki Dipati, mas mirah nedha punapa, kakang Prasanta mring mami, umatur kusuma di, nggih Pangeran wau dalu, kuda Sastrawijaya, kaliwat nggenira brangti, inggih pangran wonten griyane Prasanta.
60. Apan ta sarwi karuna, ngaturaken pati urip, dhumateng Kangjeng Pangeran, rayi dika Ekawarni, ingkang den kalosodi, miwah tan mangsan tan turu, tansah gening geng brangta, Ki Dipati mesem angling,

dhuh kusuma sampun ngangge walang driya.

61. Angandika Ki Dipatya, kinen nembali kang rayi, Sira Dewi Ekawarna, tan asuwe nuli prapti, ngarsane Ki Dipati, angandika Ki Tumenggung, mring Dewi Ekawarna, wus birahi sira yayi, pan wus sedheng yayi sira akramaa.
62. Nora becik sira lamba, mangsa padha wong alaki, yayi sira akramaa, kalawan putra Kedhiri, Rahaden Gunungsari, idhep en pituturingsun, ingkana putreng nata, uga baregas respati, tur kamantyan brangtane marang ing sira.
63. Matur Dewi Ekawarna, ature anyalawadi, kakang kawula lenggana, salami tan nedya laki, punapa asil neki, apan meksa wong anganggur, wartane wong akrama, den prentah rina lan wengi, wong akrama pangeran kalangkung papa.
64. Yen sira lumuh ingagnya, yekti ingsun upatani, tan arsa angaku kadang, lan dudu sadulur mami, yen sira anuruti, yayi nyata kadangingsun, sun tetedha ing dewa, aweta wibawa mukti, tinulusna yayi ing saumurira.
65. Mojar Dewi Surengrana, lah yayi tirua mami, heh yayi sira kramaa utamane wong alaki, ingugung dening laki, amarentah para maru, sanadyan kakangira, pangeran sang Adipati, mora gelem ndukani wong tanpa dosa.
66. Kalana Jayakusuma, wuwuse langkung amanis, kakang Prasanta matura, marang Raden Wukirsari, yen tuhu angrasani, kakang marang ariningsun, mengko sore panggiha, sira paesana yayi, ariningsun Ekawarni den prayoga.
67. Yayi mas ing Bandayuda, sira paesana yayi, arinira Wukirsekar, Prasanta mentar wotsari, sagunge para putri, apan ta pinanci sampun,

- ing pasanggrahanira, ya ta Raden Wukirsari, Abusekan pakuwon Sapi-gumarang.
68. Ki Menak Prasanta prapta, ing ngarsane Wukirsari, Raden Mas Ardikusuma, kapanggihbmujung aguling, sarwi maos rerepi, Sastrawijaya angidung, wicarane ngungudang, dhuh gusti kang aweh branti, ayu pantes intene wong Tumenggungan.
69. Prasanta mesem tumingal, pan sarwi amuwus aris, Rahaden dika wungua, kawula ingutus gusti, rakanta Ki Dipati, andika nyanthelken atur, dhateng badan kawula, inggih tinedhakken gusti, Ki Tumenggung wus lega ing manahira.
70. Sapalih para kusuma, pinanci ngiringna iki, mring Raden Prawatasekar, samana Dyah Ragilkuning, pan sampun den paesi, denira ingkang bokayu, kusuma di Cemara, lir gerah kang para putri, kang ngiringken panganten samya busana.
71. Datan kawarna semana, Raden Arya Gunungsari, apan sampun pinaesan, ing Bandayuda sang Dewi, sagune para putri, ing pakuwon swara umyung, sira Dewi Onengan, ugi sampun den paesi, wus kinanthi marang Dewi Surengrana.
72. Rahaden Wukirkusuma, putri Bandayuda nganthi, kawarnaa sampun prapta, ngarsaning sang Adipati, sakehe para manis, sadaya suka andulu, Raden Wukirkusuma, lawan Dewi Ekawarni, sampun sareng aprana sakalihira.
73. Abungah marwata suta, miwah sira Ki Dipati, sagunge kang para garwa, sadaya suka ing galih, pradangga angrangin, awor lan kepok gumuruh, senggake kaimbalan, piniarsa angrerepih, padha nginum sakehe para kadeyan.
74. Pitung dalu pitung dina, lamine denira panggih, Rahaden Wukirkusuma

lawan Dewi Ragilkuning, tansah dadi pepengin, kadya mimi siyang dalu, nedhenge pepasihan, samana ingkang winarni, Ki Tumenggung lami neng Sapigumarang.

75. Kalana Jayakusuma, mila tan kondur tumuli, saking ing Sapigumarang, dene dereng den timbali, marang Sri Narapati, tansah asewakeng lut, anamur ingkang brangta, Kalana Jayadiluwi, Kehing garwa tan pegat anggung asmara.

Pupuh ka-13

1. Dewi Kanistren amuwus, putra kabeh den tuturi, hiya iki ramanira, kang ayoga sira kaki, atmajane kabeh mara, samya sareng angujungi.
2. Ki Prasanta alon muwus, sira iki wong ing ngendi, dene ayu warnanira, teka ngabekti mring mami, lah age sira lungaa, manawa kasiku mami.
3. Dewi Kanistren amuwus, baya batharaku pangling, kawula pawongan dika, ingkang kari wonten nagri, gih kawula garwa dika, Pamedharsih aran mami.
4. Punika putra pukulan, ingkang samya angujungi, emut Ki Menak Prasanta, nulya rinangkul kang rayi, dhuh iki wong jaman kuna, ingkang lagya nandhang brangti.
5. Punika atmaja ulun, ingkang paduka kasihi, ngguguk gumuyu Prasanta, rinangkul Ni Sarimelik, adhuh putrane si bapa, muga lakia bupati.
6. Adhuh nyai rabiningsun, salawase aneng ngendi, Dewi Kanistren turira, kula nusul paduka ji, wartane paduka pejah, kalawan putra ing Keling.
7. Marmane kawula nusul, atemah tilar nagari, saking emenge tyas dahat, putra paduka gumriwis, lajeng manjing wanawasa, rahayune boten mati.

8. Apan wonten pulo Laut, ingkang kawula enggoni, awasta Tawanggan-tungan, kang pulo anut ing angin, kawula anandhang papa, atansah kawelas asih.
9. Dupi sampun lami ulun, kathah jawata nedhaki, sadaya aparing pangan, dhumateng ing amba gusti, Bagawan Kanekaputra, ingkang paring tuduh mami.
10. Makaten papajaripun, mbedhaha ing Singasari, hiya iku marganira, katemu lakinireki, gumuyu Menak Prasanta, begja temen sira gusti.
11. Menak Prasanta amuwus, hiya kabeh anak mami, padha bagus warnanira, kinemong jawata luwih, putra ingarasan samya, sadaya pan genti-genti.
12. Dewi Kanistren amuwus, padha uculana sami, pamanira wong katiga, kang padha nandhang tatali, sakathahe para putra, mestuti mring i-buneki.
13. Wau kang mengsahan sampun, samya leren ing ajurit, kadya pinisah jawata, datan wonten mengsah malih, Kalana Jayakusuma, kaget kasmaran ing galih.

Pupuh ka- 14

1. Sakathahe wau para putri, apan sampun wau cinangkraman, kalawan saproyogane, sakehe para arum, apan kabeh enggar ing galih, tan ana kang kliwatan, sihira Tumenggung, sadaya sami kacaryan, kumawula mring Kalana Jayadiluwih, sapakone sandika.
2. Pra punggawa sami den undhangi, apan arsa budhal marang Daha, enggar para garwa kabeh, weneh ana tan sangu, sakathahe kang para manis, samya dandan sadaya, swaranira umyung, miwah kang para parekan, wus adandan samektanira lumaris, miwah sesangunira.
3. Wau sampun wanci bangun enjing, sira wau Ki Jayasentika, Jayaleksana

rowange, nabuh tengara umyung, awor lawan bendhe tinitir, lir gerah ing awiyat, gamelan ambarung, sumahab kang balakuswa, sumawana miwah kang para prajurit, lir gerah kapiyarsa.

4. Ki Ngabehi sira Yudapati, lawan sira Rangga Jasentika, anjagani pakewuhe, ingkang aneng dalanggung, sakathahe para dipati, hiya ing Kertasana, ingkang ngirid laku, nenggih ki Menak Prasanta, wus samekta aneng tatandhu lan joli, titihan para garwa.
5. Joli jempana rinengga asri, sumawana abyor busananya, lir sekar setaman mangke wus budhal lampahipun, ki Kalana Jayadiluwih, sakehe para garwa, lampahé aselur, miwah kang kadang kadeyan, sumawana wadya bala lan prajurit, kebekan tengah marga.
6. Ki Prasanta reyongan neng margi, angiringken marang rabinira, maksih geggeng gegamane, kumrap ing lampahipun, Menak Cahu, ingkang nindhahi, tansah rembag neng marga, dene putranipun, atmaja ingkang wanodya, kang ingemban awasta Ni Sarimelik, uyuhe lir pancuran.
7. Kawarnaa Prabu Singasari, sampun bubar atilar nagara, sumahab bala mantrine, karsanira sang Prabu, arsa bantu marang Kedhiri, tan kandheg lampahira, kang wadya gumuruh, pan kadya ombak samodra, wus kapungkur nagara ing Singasari, sanengkut gagancangan.
8. Lampahira Tumenggung linuwih, sampun lepas anarajang wana, wadya gumuruh lampahé, enggar kang para arum, apan nitih jempana sami, samya leren prabatang, sami ngingang udut, sakathahe kan pawongan, padha enggar angluru kang sarwa sari, bungah kang antuk sekar.
9. Datan kawarna lampahé neng margi, Ki Tumenggung Wijayakusuma, kadya her-nawa bawane, yen makuwon ing dalu, sakathahe kang para manis, sami kinen abedhayan, mring Raden Tumenggung wus lepas ing lampahira, kawarnaa prapta jajahan Kedhiri, ing wana wus kawuntat.

Pupuh ka- 15

1. Raden Malayakusuma, lampahira pan kinen rumiyin, atur uninga sang Prabub, lan Raden Sinjaglaga, datan kandheg lampahira sang Abagus, nengena ingkang lumampah, kocap Prabub ing Kedhiri.
2. Mangkana lagya sineba, lan kang rayi aneng ing Arga Wilis, tan pegat angunem catur, sang Aprabu ing Daha, lan kang rayi sang prabu Ngurawan iku, Ki Wasi Curiganata, apanvsampun den timbali.
3. Sapraptanira ngayunan, angandika wau prabu Kedhiri wacanane manis arum, anak Wasi Curiga, nganti apa Ki Tumenggung nora rawuh, umatur Wasi Curiga, asugal denira angling.
4. Dewa ji dipun pracaya, sampun maras ing galih Sri Bupati, luhung acaosa gupuh, sawarnane sugatan, Ki Tumenggung sampun wonten ing Delangging, eca imbalan wacana, gaya prapta Dyan Wukirsari.
5. Piyak mantri kang aseba, nulya majeng Rahaden Wukirsari, sigra anungkemi suku: nira jeng Sri Narendra, kagyat nulya angrangkul lungayeng sunu, dhuh-dhuh angger putraningwang, mung sira woding kang ati.
6. Nora nyana maksih gesang, salawase sapa kang sira iring, len maninge sira kulup, ngupaya kakangira, pan ing mengko kakangira uwis rawuh, aneng nagara ing Daha, iku bubukaning jurit.
7. Kakangira dipun lamar, marang ratu hiya Nusatembini, nanging kakangira lumuh, datan arsa akrama, hiya iku mula bukane prang pupuh, lawan wong ing tanah sabrang, sang prabu Nusatembini.
8. Rahaden Prawatasekar, sakalangkung gegetunireng galih, wusana alon umatur, sukur kakangbok prapta, andadosken suka ciptamba pukulun, dene kawula ing wuntat, suwita mring Ki Dipati,
9. Kalangkung pasihanira, Ki Tumenggung Kusumaadiluwih, malah kawula pukulun, tinariman wanodya, ingkang rayi pinaringaken mring ulun, sang

Nata kagyat ngandika, hiya sukur sira kaki.

10. Mengko neng ngendi Rahadyan, Adipati Klana Jayadiluwhi, Dyan Wukir alon umatur, saweg wonten ing marga, saking rendhet lampahira para arum, Dipati Jayakusuma, sakalangkung sugih rabi.
11. Pukulun mila kawula, apan kinen lumampaha kariyin, atur uninga sang Prabu, yen sampun wonten marga, duk miyarsa sang Nata panudyeng kayun, miwah nateng Bauwarna, galihe pan cilik wukir.
12. Sang Prabu alon ngandika, anakingsun Kartasekar sun tuding, pondhonganana den agupuh, Klana Jayakusuma, umatura apan ingsun ayun-ayun, lengser Raden Panambangan, saking ngarsane narpati.
13. Sang Prabu malih ngandika, Jayabadra wau ingkang tinuding, caosa pakuwonipun, lawan saosa segah, pan Ki Wasi Curiganata gumuyu, waja kengis latah-latah, nora lidok ujar mami.
14. Sri Bupati ing Mamenang, sampun lengser wau denya tinangkal, manjing pasanggrahan sampun, anganthi ingkang putra, pinanggihken lawan ibu sang Aratu, sarwi asung awawarta, yen Jayakusuma prapti.
15. Sang prameswari tuninggal, mring kang putra Rahaden Wukirsari, anuluya pinapag gupuh, rinangkal tinangisan, pan gumerah tangise kang para arum, miwah kang ibu sadaya, sarta ingkang para cethi.
16. Adangu kinuswa-kuswa, marang ibu sarta sang prameswari, aduh gusti nyawaningsun, ingsun pan ora nyana, panyaneng sun sira gusti pan wus lampus, gene wus tanpa pawarta, sukur ta maksih basuki.
17. Enggar sagung para garwa, sami saos sesegahira benjing, ana ingkang olah santun, ana olah panganan, ana ingkang saos ulam sekulipun, bu-sekan jro pasanggrahan, sakathahe para cethi.
18. Kyana Patih Jayabadra, wus asaos pakuwon langkung asri, sakalangkung jembaripun, asri pinajang-pajang, ingkang badhe panggenane para arum,

- miwah kang para dipatya, apan wus pinanci-panci.
19. Lir gerah swaraning bala, pan atame swarane kebo sapi, bebek ayam lawan wedhus, brambang kalawan bawang, klapa beras tutumpukan kadi gunung, datan kena winicalan, lir sarah punag piranti.
 20. Wus pepak kang sasosan, kawarnaa wau ingkang lumaris, sira Rahaden Tumenggung, Klana Jayakusuma, sayektine Raden Arya Marabangun, Raden Prabangsa anjola, nora lidok ujar mami.
 21. Sakathahing para putra, pan sadaya samya atawan tangis, sarwi anung-kemi suku, sarwi larå karuna, kang kaprenah enem sami angujung, estu Ki Putra Jenggala, Risang Ino Kertapati.
 22. Sang Aprabu ing Mamenang, ing Ngurawan miwah ing Singasari, kapang galih cilik gunung, langkung marwata suta, Ki Kalana saestu Ki Marabangun, miwah prameswarinira, manahe acilik wukir,
 23. Sami amicareng nala, nora kaya karsaning dewa luwih, putra Daha Raden Galuh, papacangane teka, dening arsa dipunkramakken puniku, apan wus kinudang-kudang, sabdaning pandita luwih.
 24. Angandika Prabu Daha, kaki Putra punapa karsaneki, ing benjang punapa magut, angrebut kutha Daha, Ki Kalana Jayakusuma umatur, langkung ing karsa paduka, kawula darmi nglampahi.
 25. Lebura kadi pratala, sampun siyang nadyan ratri, sumangga karsa pukulun, nglampahi ingkang ayahan, sira Raden Nilaprabangsa gumuyu, sampun kakehan wicara, ing benjing amagut jurit.
 26. Rembage kehing punggawa, karsanira wau amagut jurit, sang prabu Daha amuwus, anging dipun prayitna, kaki Putra kalintang sektining mungsuh, gagamanira yen aprang, sadak lawan burat wangi.
 27. Anging yayi sun tarima, apan sira arsa amagut jurit, nadyan amaguta mungsuh, yen wus rerem kang wadya, hiya kaki nora kuciwa ing semu,

ya ta wau Raden Putra, lengser ngarsaning narpati.

28. Kalana Jayakusuma, apan sampun wau makuwon sami, pepak sakadeyani-
pun, ana ing pamondhokan, miwah Raden Prabangsa pan nora kantun, pe-
pak kang putra Jenggala, sinawang lir taman sari.
29. Sakathahe para garwa, manahira esmu sami prihatin, naning tan kata-
reng semu, brangta awor asmara, ingkang datan antuk sihira ing ka-
kung, manaha esmu riditya, waspane padha dres .

Pupuh ka-16

1. Wus kondur sang rajaputra, sang retna kari anangis, sakalangkung
brangtanira, nora kaya dewa luwih, katuwone wak mami, alaki jawata
luhung, angur aja panggiha, sang dyah gumuling ing siti, bagus te-
men jawata kang asung brangta.
2. Kawarnaa rajaputra, wus prapta pakuwon aglis, Sira Dewi Surengrana,
katuju kapanggih guling, angayom ponang sasi, bangun rahina kadulu,
mojar raja pinutra, dingaren kapati guling, amung sira rowangku gu-
na nastapa.
3. Dyan ingoyog kusumeng dyah, dening raka sampun linggih, mila sun
wungu kusuma, wiyose sira sun tari, apa ta sira benjing, tumutur sun
aprang pupuh, punapa kari sira, Dewi Surengrana angling, bosen temen
sok anari mring wanodya.
4. Matur Dewi Surengrana, pan sarwi anyiwel wentis, dhuh gusti kangjeng
pangeran, yen paduka estu nari, dhateng ing awak mami, yen benjing
amagut pupuh, wong Kedhiri Ngurawan, tanapi wong Singasari, sampun
aprang pinrih nyuraki kewala.
5. Sakehe wong tetelukan, benjang ingabena jurit, para putra ing Jeng-
gala, den karya cucuk lumaris, dene wong ing Kedhiri, pangeran sam-
pun arempu, tan keni ingabena, punika ature mantri, awak ulun karya-

- nen cucuking yuda.
6. Ya ta kawarnaa enjang, Kalana Jayadiluwih, sampun miyos ing ayuda, anitih turangga asri, rinenggeng busana di turangga dinulu murub, kusuma di Cemara, sampun awahana hesthi, lir Srikandhi sampun amangku sanjata.
 7. Sakehe putra Jenggala, barise sampun angalih, sapalih pangawat kanan, sapalih pangawat kering, sami busana adi, putra Jenggala anggregut, akalambi sangkelat, abra sami kere wesi, kang saweneh ana kere gagandheran.
 8. Ambelabar ingkang bala, lir jaladri tanpa tepi, anenggih Dhanyang Prawita, wus ilang warnane estri, asru denira angling, marang sakeh putranipun, heh kabeh anakingwang, padha anglugasa warni, anglakoni apa karsaning jawata.
 9. Wacanane sang jawata, ingkang dhumawuh mring mami, sakabehe putra ningwang, yen sira dadi pawestri, nora bedhah Kedhiri, pasthi kasor yudanipun, yen sira dadi priya, bisa angreh Nusa Jawi, sarta menang denira amagut yuda.
 10. Nadyan pejaha ping sanga, apan sira gesang maning, ujure kaki Jawata, hiya kang maring wak mami, suka kang para siwi, aduh rama jeng pukulun, benjang yen madeg nata, amengku rat Tanah Jawi, mendah dene bungahe Candrakirana.
 11. Nulya sami malih lanang, sampun busana ngajurit, sadaya gagah prakosa, putrane Brahmana sakti, naracak sami ugi, dedegnya ageng aluhur, gya kinen mangsah rana sumahab ingkang prajurit, yen sina-wang kadya samodra mbalabar.
 12. Sadhatengira ing rana, wadya ing Nusatembini, pan sampun ayun-ayunan, kalawan wadya Kedhiri, Ngurawan Singasari, tan adangu nulya

campuh, arame dreg-udregan, datan wonten ngucap ajrih, ramening prang tan ana kang noli wuntat.

Pupuh ka-17

1. Gumuruh swaraning yuda, long-linongan genti asilih-ungkih, aruket lawung-linawung, tan ana kang kasoran, sakalangkung rame denira prang pupuh, mapan sami suranira, watang putung genti keris.
2. Wong sabrang panggah ing rana, tandangira kadya awuru getih, wong Jenggala samya riwut, nging tan wonten kuciwa, bedhil munya swarane lir gunung rubuh, peyeng kukusing sehdhawa, apan kadya tengah wengi.
3. Dhedhet papaning payudan, mimis niba lir kadya udan geni, dene kang samya tumempuh, mring wreksa kaparapal, ingkang runggut dadya padhang temahipun, watang putung tingsulayah, pan kadi babadan pacing.
4. Tandang Dipati Pragunan, saha bala tumempuh ing ajurit, arame lawung-linawung, lir bantheng tawan brana, wadya sabrang keh kalindhih yudanipun, asampyuh wadya Pragunan, uninga Dyan Adipati.
5. Adipati Sidapaksa, pan tempuh umangsah ing ajurit, arame amuk-ingamuk, tan ana kang kasoran, apuyengan wadya sabrang kathah lampus wadya Ngurawan keh pejah, carub awor tan katawis.
6. Sagung kang para dipatya, pan kalindhih datan ana pupulih, wadya Jenggala tumempuh, tandange prit aneba, rame surak apan kadya gerah pitu, sambate kang nandhang brana, pan kadya karengeng langit.
7. Dene kang para dipatya, pan kalindhih tan ana mangga pulih, amaju-maju kaburu, tan ana kang kawawa, amung kadang kadeyan kang maksih kantong, sakehing para dipatya, sadaya sami angisis.
8. Sira sang raja pinutra, saha bala umangsah ing ajurit, Prasanta lan Sadulumur, kadeyane sadaya, samya mangsah gutguten asoroh amuk, lir sima antuk bayangan, tandangira angajrihi.

9. Ki Rangga Jayasentika, atanapi sira Ki Yudapati, Dewi Surengrana ngamuk, aneng tengahing rana, wadya sabrang gusis tan ana kang kantong, papati pating sulayah, pam kadi babadan pacing.
10. Tandang Rahaden Prabangsa, barengose sarwi pinuntir-puntir, saka-dange nora kantong, sareng ngamuk arampak, lir raseksa solahé denira ngamuk, pan sami atilar kuda, wong satus anunggal kapti.
11. Lebur wong ing tanah sabrang, akeh mati wangke sungsun atindhih, ingkang mara-mara lampus, tan na mangga puliha, ingkang panggah ting sulayah sampun lampus, sagunge wong tanah sabrang, kedhik urip kathah mati.
12. Ki Rangga Jayasetika, Jaleksana lawan Ki Yudapati, pangamuke samya liwung, wong Manila tinrajang, ingamukan Yudapati mawut-mawut, samyan lumayu sar-saran, akeh mundur nandhang kanin.

Pupuh ka-18

1. Kawarnaa duk sang Rukmaresi raja, mulat rusaking dasih, sakamantyan duka, dhasar sampun busana, priya tan cara pawestri, enggal mangagnya, mring para putra pinrih.
2. Nanggulanga ing yuda mumulih wadya, tandang kang tampi tuding, sikep gagamannya, pedhang miwah curiga, putra gansal anderpati, pantes prakosa, sembada geng ahinggil.
3. Wadya Singasari Ngurawan myang Deha, tanapi wadya Bali, kathah kasulayah, pati sungsun atumpang, anreg wong Nusatembini, pulih tyasira, tindhihe becik-becik.
4. Katalika muntab wadya Kasatriyan, Kadeyan kang nindhihi, dyan tempuh kalawan, Nusatembini wadya, padha jago sura sekti, tate mrawasa, rok ruket silih-ungkih.

5. Janma Nusatembini keh karepotan, tandang kanang tetindhil, putra nateng Nusatembini pembayunnya, Raden Rukmapada nami, asikep gada, geng inggil angajrihi.
6. Singa ingkang katrajang ajur angganya, Raden Prabangsa aglis, Nang-gulang ing yuda, sarwi asru wacana, heh sapa aranireki, prajurat Nusa, babo aywa mumulih.
7. Lamun kena sun eman becik mundura, darapon awet urip, Rukmapada myarsa, saya muntap krodhanya, maju bindi tan nauri, Raden Prabangsa, minger sarwi atangkis.
8. Sang wira ra samya gada sikepira, tur samya ageng inggil, ageng bag-ginebag, padha prawiranira, lamun sinawang sayekti, pindha prangira, Werkudara ing nguni.
9. Mengsah Sri Kurawendra duk Bratayuda, dangu-dangu kasilip, Rukmapada kena, tininggil mestakanya, renyuh ambruk nulya lalis, kagyat, Ruk-mawanda pupulih.
10. Tinadhahan mring Rangga Jayasentika, samya asikep keris, Rukmawanda kena, sinuduk jajanira, ceprot watgata trus gigir, niba palastra, Rukmana anulungi.
11. Sigra campuh lawan Dyan Sastramiruda, puter aliru keris, Rukmana katiban, curiga kapisanan, tiba gumuling ngemasi, balane bubar, surak wadya kedhiri.
12. Raden Rukmaastra lawan Rukmandaya, wikan kadangira tri, sampun ka-pracondhang, wewah wadyane bubar, wahgwang tyasira wus miris, ngungsi ing rama, matur ngajak ngoncati.
13. Nanging Prabu Rukmaresi datan arsa, malah nulya ngawaki, anitih di-pangga, ngaglah asikep gada, kang putra kalih ngampingi, pangamukira,

lir bantheng tawan kanin.

14. Wadya Kasatriyen kang katrajang bubar, awas Ki Yudapati, ngaturi uninga, marang Jayakusuma, yen raja Nusatembini, ngawaki yuda, mesem sang Adipati.
15. Angandika titihaningsun prenekna, ingsun papagne nuli, wus nitih turangga, Risang Jayakusuma, sarwi asikep jemparing, ayun-ayunan, lan Prabu Rukmaresi.
16. Ngadu yasa alalancaran warastra, samya awase kalih, nihanta kawarna, roncene ing ayuda, samana sang Adipati, ngetog kasaktyan, sumedya amungkasi.
17. Nglepasaken sanjata dibya lumarab, nrajang tenggak sang aji, tatas jangga pagas, anulya tinututan, ing prabawa sanjata ngin, Prabu kabuncang, dalah wadyanya sami.
18. Sirna larut resik madyeng pabəratan, amung wadya Kedhiri, Bali myang Ngurawan, tanapi Singasekar, kantung wetah tur basuki, suka ing driya, muji sektining gusti.
19. Wus mangkana Wong Agung nulya sajarwa, nenggih jatinireki, lamun kang sarira, wau putra Jenggala, Raden Panji Wanengpati, ingkang kawarta, sirna madyeng jaladri.
20. Para rama nata duk trang pamyarsanya, saya suka tan sipi, marma Raden Putra, ri wusing mengsah sirna, ingagnya manjing jro puri, kapanggih lawan, garwa Dyah Sekartaji.
21. Sakamantyan dera suka pari suka, yayah mudhar punagi, bujana sapraja, tanggeh ingucapena, sukaning nata Kedhiri, Itih kang kata, Panji ambedhah Bali.

Terjemahan Teks Serat Panji, Panji mBedhah Nagari Bali

Bait ke-1

1. Sebagai pendahuluan diceritakan, Undakan Sastramiruda, yang mengepalai segolongan prajurit, bintangara muda, tetapi ia jarang menghadap, Raden Sastramiruda gemar mengadu ayam, kalau malam bermain kartu.
2. Sastramiruda mempunyai istri, wanita dari petani yang bernama Dewi Bintangara, berwajah cantik, sangat sayang kepada suami, lugu, jujur, dan tidak tercela.
3. Ia sering sekali menangis, siang ataupun malam, seperti katak yang menunggu kedatangan hujan, menangis beriba-iba dengan mengusap-usap dada serta menarik-narik rambutnya, menyebut-nyebut Sri Baginda, merepet-repeti suami.
4. Saya tidak melarang tuan kawin lagi, tetapi jangan terlampau, jangan menambah sakit hatiku, Aku tahu, bahwa laki-laki itu sudah biasa, membanding-bandingkan dan memilih wanita. Walau seratus orang sekalipun dikehendaki, namun hendaknya jangan sampai melanggar hukum.
5. Hidup matiku ini telah kukorbankan, dengan selau mengikuti tuan dari kampung ke kampung, menyuruk masuk jurang, tinggal si hutan siang dan malam, sampai lupa makan atau minum, menyusup semak belukar. Meskipun demikian tidak juga menemukan kebahagiaan.
6. Seorang pembatunya berkata, "Janganlah demikian, Nyonya. Telah menjadi lumrah buat wanita, demi cintanya kepada suami, selalu menerima dan berpuas diri." Ujar Dewi Bintangara, "Bibi, diamlah engkau!"
7. Melihat itu sang suami tersenyum, mendekat merunduk-runduk lalu memeluk erat-erat. Sang istri meronta-ronta. Sastramiruda merayu, "Hanya engkau lah pujaanku sayang, kekasih Sastramiruda.

8. Jangan menangis sayang, amat sayangnya kalau wajah yang bagaikan bulan purnama itu menjadi bengkak matanya. Engkaulah pujaan Kanda, wanita pilihan, sebagai azimat bagi Kanda, tempat Kanda mengabdikan diri.
9. Kanda tidak punya pandangan lain, kecuali dikau sayang, yang senantiasa membangkitkan birahi Kanda. Bila Kanda sampai berbohong, semoga capung mencekiknya, serta disambar belalang. Aduhai Adinda jangan menangis.
10. Raden mencium pipi, "Aduhai kekasih pujaan kanda, kecantikan Dinda tak ada bandingannya, bagai bidadari layaknya. Jangan menangis sayang, jangan banyak pikir." Idih itu ujar apa.
11. Pada hari Rabu Pahing, Kanda pergi ke mana? Orang-orang yang menghadap telah turun semuanya. Semalam suntuk Kanda tak datang, Dinda menunggu kedatangan Kanda." Sang suami menjawab dengan kata-kata manis.
12. "Kanda mendapat panggilan, dari Raden Sinjanggalaga, disuruhnya memukul bonang salendro, lalu disuruhnya melagukan gending Sungkawa. Sampai terbit fajar kanda tidak diperbolehkan pulang, disuruh mengiringi tarian Bedaya."
13. Kata Putri Petani, "Idih itu omongan apa!" sambil mencubit paha. "Mana tahan, menhadapi ulah Kanda seperti itu. Ada-ada saja jawabannya, lagak bohongnya seperti pembaca.
14. Pada hari Senin Manis, pergi kemanakah gerangan Kakanda, para menghadap semua telah turun, semalam suntuk Kanda pun tak datang, Dinda sungguh-sungguh heran sekali." Kanda bertugas, dindaku sayang.
15. Pada hari Senin Legi yang lalu itu, sesungguhnya Kanda mendapat panggilan, dari Kakanda Raden Tumenggung Jayakusuma bahwa beliau akan berangkat berperang ke Bali. Itulah sebabnya, maka saya dipanggil

menghsdsp.

16. Saya mendapat pesan nasihat, cara orang mengabdikan diri, dan disuruh memperbaiki saron, lalu disuruh memainkan wayang. Menjelang fajar, disuruhnya melagukan Tlutur, kemudian disuruh membaca (bertembang)."
17. Putri Petani hanya tersenyum saja, "Seandainya Kanda ini seorang wanita, ketidaksetiaan kanda akan berlipat tujuh kali, bukan main bohongnya, adakah yang akan membayarnya? Gunung pun masih sangat rendah/kecil dibandingkan dengan kebohongan Kanda. Siapakah yang akan mempercayainya !
18. Waktu itu kanda datang pagi-pagi sekali, bersuntingkan rangkaian bunga, berkain merah jingga, baunya harum wangi, didada penuh luka, agaknya bekas kena kuku, tentu saja bukan kuku lelaki.
19. Duhai Kanda, agar hatiku ini menjadi puas, berkatalah yang sebenarnya bila dinda tanya. Kenapa, sih selalu berpura-pura saja! Lalu siapakah yang akann mengobati diriku ini?" Sastramiruda tersenyum, mencium pipi dan menjawab.
20. "Sudahlah sayang, apa guna berpanjang-panjang, hidup mati Kanda ada di tangan Adinda. Hanya engkaulah pujaan Kanda, yang membangkitkan berahi, sebagai pusat keindahan tidak tercela di dunia ini.
21. Kandabberjanji tidak akan mengulangi lagi, takkan berbohong lagi, sampai di sini sajalah! Dengan ini Kanda berjajji setia. Adapun janji kanda itu, dinda, semoga terbentur ke payudara, tertumbuk pada pipi yang kiri.
22. Putri Petani tersenyum, "Nah, tidak melesetlah apa yang saya katakan, selalu saja membuat cemas hati orang,. Janganlah menggunakan sumpah serapah segala, siapakah yang akan menghalanginya. Dasar mulut

lelaki, suka saja mengobral janji."

23. Sementara itu datanglah utusan dari istana, yang bernama Ni Emban Sota, dengan membawa bokor emas, kata emban itu, "Raden, hamba menjadi utusan putri raja dari istana.
24. Hamba diperintahkan menyampaikan pemberian, rangkaian bunga (untuk telinga), dengan sepasang cicin, kepada Paduka Raden." Sastramiruda tersenyum, menerima rangkaian bunga itu yang terbungkus dengan sepucuk surat.
25. Lalu dibacanya surat itu, yang menyatakan bahwa surat itu berasal dari Sekar Kedaton (putri raja), "Ternyata Anda bukan seorang pemberani, buktinya : telah ingkar janji, aku benci setengah mati, wahai mendiang yang keramat.
26. Anda memang tampak tanpa tandingan. Hanya satu cacat celanya, karena ternyata tidak berani masuk keraton. Padahal saya sudah berkorban luka di dada. "Kemudian ujar Sastramiruda, "Bibi, harap anda sampaikan bahwa nanti malam saya akan menghadap."
27. Dayang itu lalu minta diri, dan segera pergi. Sang istri berkata, "Nah, bukantah tak salah kata Dinda? Ternyata sekarang terbuka kedoknya, ketahuan bahwa erang telah tercoreng di kening. Nah kini cobalah Kanda berjanji lagi."
28. Sastramiruda menghindar, lalu berdandan maksudnya, Namun sementara itu, Rangga Jayasentika datang, sebagai utusan Raden Tumenggung, untuk memanggil Sastramiruda.

Bait ke-2

1. Ki Tumenggung berkata, "Kakang Rangga, berangkatlah dahulu, Ki Yudapati di belakang, Jayaleksana di tengah, Dinda Wijatmaka jangan ter-

lalu jauh dengan saya. Tanda-isyarat dipukul berulang-ulang, gendang, gung dengan beri.

2. Pasukan tombak di depan, benderanya beraneka warna, bendera tunggul seperti pelangi, yang merah indah kelihatannya, yang hitam laksana mendung, suara pasukan seperti hujan, serba menakutkan kalau dilihat.
3. Ki Rangga Jayasentika, sebagai penganjur di depan, dengan perlengkapan perang, mereka menyandang pedang, mereka biasa menjadi pemberani dalam pertempuran, mereka mengendarai kuda janjam, bertingkah menakutkan.
4. Ki Demang Jayaleksana berjalan di tengah, sebagai pengiringnya adalah orang-orang yang tangkas, mereka bersenjatakan bedil, dengan mengendarai kuda merah, laksana api kelihatannya.
5. Yudapati di belakang, pengiringnya adalah penantang maut, mereka mempergunakan ganjur (sejenis pedang), mereka berbaju merah, semuanya orang yang kebal dan sakti, tingkah lakunya menyerupai raksasa, sangat mengerikan.
6. Demikian itulah pasukan yang berjalan di depan. Ki Tumenggung Jayakusuma, mengendarai kuda yang berwarna kuning yang indah, seakan-akan orang silau memandangnya, bagai Batara Asmara, semua orang kasih dan sayang kepadanya.
7. Putri dari Cemara, mengendarai kuda yang bernama Sanggarunggi, bagai bidadari Wilutama dari kayangan, duduk di punggung kuda, dengan panah di hadapannya, nampak mendendam asmara, dengan menenteng busur.
8. Pasukan dari Cemara berjumlah delapan ratus orang, terlatih baik di bawah pimpinan putri raja itu, mereka berhati setia, pemberani dalam pertempuran, bersenjatakan keris; mereka berjalan di depan dekat dengan kereta, dengan tombak "daradasih."

9. Banyak sekali rakyat di pinggir jalan, laki-laki perempuan besar-kecil melihat, di antara mereka banyak yang memuji, pimpinan prajurit dari Ngurawan yang bernama Raden Tumenggung itu sangat tampan. Mereka pun mendoakan agar menang berperang dan berhasil memboyong putri.
10. Sementara itu ada pula yang mengatakan, "Benar cantik Tuan Putri itu, lagi pula sangat setia kepada suami, senantiasa walau dalam duka. Tirulah dia, hai anak-anakku kaum wanita,"
11. Demikianlah keadaan mereka yang berangkat berperang ke negeri Bali, tak terceritakan berapa lamanya. Pada suatu hari Sri Baginda Ngurawan berkenan dihadap di balairung. Kesemuanya lengkap menghadap, termasuk juga Sastramiruda.
12. Ki Demang Sastrawijaya yang dituduh sering memasuki istana, wajahnya nampak kusut, seperti layaknya orang yang sedang mabuk kepayang. Ki Demang selalu diperhatikan oleh sang raja. Meskipun telah menyebabkan keributan, sesungguhnya ia tidak mendapatkan apa-apa.
